## Іуащхьэмахуэ лъапэ псыр щагъэкъабзэ

2-нэ нап.

## Зы къуажэм и тхыдэ пэж

2-нэ нап.

## Къанж и къуэ Щэуей

5-нэ нап.

## Усыгъэм и къарур

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№124 (24.562) ● 2023 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 17, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

## МыІэрысэхэмрэ ерыскъыхэкІхэмрэ щагъэлъагъуэ



4-нэ нап.

**2023 гъэм и бжьыхьэм цІыхухэр дзэ къулыкъум гъэкІуэныр къызэгъэпэщыныжмкІэ лэжьыпхъэхэм я Іуэхуклэ**

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур екъэкІынымкІэ къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я Іуэхуклэ» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ 1996 - 2005 гъэхэм къалъхуахэу зи ныбжьыр илъэс 27-рэ иримыкІуахэр икІи запасым щымыІэхэр 2023 гъэм и бжьыхьэм дзэ къулыкъум гъэкІуэнымрэ къызэгъэпэщыным мурадкІэ **унафэ щэщІ**:

1. Мы Указым щыгъуэзу къэщтэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр дзэм зыгъакІуэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ цІыхухэр дзэм зыгъакІуэ и комиссэхэм хэтхэр;

дзэм къулыкъу щащІэн папщІэ 2023 гъэм и бжьыхьэм ираджэн хуей цІыхухэм я узыншагъэр къэзыпщытэ, абыхэм ящыщу сымаджэхэр щагъэхъуж медицинэ ІэхэущІапІэхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и органэхэм чэнджэщ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм ящыгъуу 2023 гъэм и бжьыхьэм цІыхухэр дзэ къулыкъум гъэкІуэныр ягъэува пІалъэхэм къыриубыдэу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кІуэцІ Іэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм, Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іэхухэмкіэ и министерствэм транспортымкІэ и Налшык щІыналъэ къудамэм чэнджэщ етын дзэм кІуэну цІыхухэр щызэхуащэс, республикэм и ГъущІ гъэгу станцхэу, автовокзалхэу командзэр щрагъажьэ махуэхэм дзэ къулыкъум ягъэкІуэнхэр щызэхуаушэсхэм жылагъуэ хабзэр ягъэззэщІэныр къызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын цІыхухэр дзэ къулыкъум зэрагъакІуэ щыкІэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэхухэщ Іапі хэхэм къыщыгъэльэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм фокІадэм и 25-м*
*№94-УГ*

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эм къызэритамкІэ*

## Ухуэныгъэхэр къепщытэ

**Лэжьыгъэ Іэхуклэ здэщыІа Москва къикІыжа нэужь, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм щекІуэкІ ухуэныгъэхэр кьипщытащ.**

НЭХЪ ин дыдэр Налшык къалэ дащІыхь поликлиникэ №1-рац. Абы и пкъыр зэфІагъуэвауэ кІапсэхэмрэ бжьамийхэмрэ щІашэ, и блынкэр зэрагъэзахуэ.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, ар узыншагъэм щеІэзэ Іуэхущ Іапі э нэхъ ин дыдэу республикэм итыныхэм ящыщу. Ухуэныгъэр Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и нэІэ щІэтщ, «Здравоохранение» лъэпкъ проектым хохьэ. Поликлиникэм федеральнэ мылькум къыхэкІыу сом мелуан 700 трагъэкІуэдзнуц. Абы хэтыныщ эндоскопимкІэ, амбулаторнэ реабилитацэмкІэ, диагностикэмкІэ, махуэм узыншагъэм щыкІэлъагъэплъ къудамэхэр, гу-лъытнтуэ хъхутэныгъэхэмкІэ Іэзапі э, нэгъуэщІхэри. Метр зэбгъуэзнатІэ мини 10 хьу Іуэхущ Іапі эм зы жэщ-махуэм щІыху 500-м нэблагъэм щеІэзэфынущ.

## Гъуэгухэр ирагъэфІакІуэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек мы илъэсым зэфІагъэкІын хуей гъуэгу лэжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэкІым зыщигъэгъуэзащ.**

АБЫХЭМ ящыщщ «Кавказ» Р-217 федеральнэ гъуэгум хыхьэу километр 15 зи кІыхьагъ, Аргудан деж щыщІэдзауэ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и гъунапкъэм нэс кІуэ гъуэгур. Ар нэхъ бгъуэ, зэуэ машинитІ гъуэгум теухуэу, зэращынуи йолажь.

Гъуэгур «Кавказ» федеральнэ управленэм и нэІэм щІэтщ. А щІыналъэм хыхьэ гъуэгум щыщу километри 7 зи кІыхьагъ щІыпІэм щрагъэкІуэкІ зэгъэпэщыжыныгъэхэр нэхъ пасэу яухынущ.

КІуэкІуэ Казбек гъуэгу Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм фІыщІэ яхуищІащ фІагъ лъагэ пылъу я къалэныр зэрагъэзащІэм папщІэ икІи я махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ.

● Хъыбар гуапэ

## Къэрал куэдым щызекІуэ бзэ лъэщ

**Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэм (СНГ) и иужьрей зэхуэсу Бишкек щекІуэкІам мыхьэнэшхуэ зиІэ унафэ куэд къыщащтащ. Абыхэм ящыщу Урысыбзэмкіэ дунейпсо зэгухьэныгъэ къызэрыгъэпэщам теухуар. Урысей Федерацэм, Белоруссиием, Азербайджаным, Къэзахъстаным, Таджикистаным, Узбекистаным, Тыркумэным я къэрал унафэщІхэм зэдзарызыуэ къащтащ Къэзахъстаным и президент Токаев Къасым-Жомарт зэхуэсым къыщыхилъхьа апхуэдэ жэрдэмыр.**

ЗэІущІэ иным зэрыщыжаІамкІэ, а зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщам и мурад нэхъыщхьэхэр епхащ СНГ-м хэт къэралхэм яку дэлъ экономикэ, политикэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр егъэфІакІуэным, а щІыналъэхэм щызекІуэ а бзэ лъэщым адэкІи зегъэужьыным, ар я тегъэщІапІэу щэнхабзэмкІэ, литературэмкІэ, тхыдэмкІэ щыІэ щІэныгъэхэр щызэхуэхьэса дунейпсо электрон хъумапІэхэм илъ хъыбархэр псоми зэхуэдэу къагъэсэбэпыфыным епхащ. КъынэмыщІауэ, зэгухьэныгъэр телъжьэнущ урысыбзэм и пщІэр СНГ-м хьыкъ къэралхэм нэхъри къызыІэтыным, щыгъэбыдэным. ЗэгухьэныгъэщІэм и къалэнхэм хохьэ СНГ-м щыщ къэралхэм щылажьэ егъэджэныгъэ, щэнхабзэ, щІэныгъэ, хымарыгъэ, жылагъуэ Іэнатіэхэр я Іуэху бгъэдыхьэкІэкІэ зэпыщІэныр, абыхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр гъэбыдэныр, къэралхэм къыщыдэкІ лъэпкъ литературэ тхыгъэхэр урысыбзэкІэ зэдзэкІыныр, урысыбзэкІэ къыдэкІхэр нэгъуэщІыбзэхэм я къигъэтІэсэныр.

Зэхуэсым зэрыщагъубзыхуамкІэ, Урысыбзэмкіэ дунейпсо зэгухьэныгъэр СНГ-м и нэІэм щІэту лажьэнущ. Абы и унафэр Іэщ-лъынущ Министрхэм я конференцу СНГ-м хыхьэ хэрал псомэ я лЫкІуэхэр зыхэтым. Зэгухьэныгъэм иІэнущ сыт щыгъуи лажьэ секретариат, секретарь нэхъыщхьэр и пашэу.

Урысыбзэм теухуа апхуэдэ унафэ къыщащтэм, къалъытащ иджырей лъэхъэнэм я бзэм иІэ мыхьэнэри, бгъэдэль зэфІэкІри, дунейм щигъэзащІэ къалэнхэри. 2022 гъэм ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, урысыбзэ зыІырылъ цІыхухэм я бжьыгъэр мелуан 258,2-рэ мэхъу. Ар дуней псом щыеянэщ а унэтІныгъэмкІэ, инджылызыбзэм, китаибзэм, хинди бзэм, испаныбзэм, франджыбзэм, хьэрпыбзэм, бенгалыбзэм къакІэлъыкІуэу. А бзэр зи анэдэлъхубзэу къэзыпІытэхэм уаэхэплъэмэ, абы щыгъуэм урысыбзэм дуней псом ебланэ увыпІэр щиІыгъщ.

1991 гъэм ипкІэ урысыбзэр щытащ СССР-м ис лъэпкъэхэр зэрызэгурыІуэ, зэрызэпсалъэ зэхуэдизкІэ. Иджырей лъхьэнэм ар апхуэдэ дыдэу щыхьэкІуэ а къэралышхуэм хыхьэу щыта щІыналъэхэм, языныкъуэхэм абы и пщІэр щагъэлъэхъшами. А бзэращ ноби зэрызэпсалъэр, зэрызэгурыІуэр лъэпкъыбзу зэхэсу щыта Совет Союзышхуэм хэта щІыналъэхэр: абыхэм щыпсэуу зы лъэпкъхъым-лъэпкъитІкъым, я анэдэлъхубзэкІи, щэнхабзэкІи щызэтемыхуи къыхэкІыу. Къэщтэнщ, ди республикэри, абы щыпсэу лъэпкъхэр зэрызэгурыІуэр урысыбзэщ. Ар къэралыбзэу ди деж къыщалытэ, адыгабзэм, балъкъэрыбзэм хуэдэу.

Урысыбзэр апхуэдэу къэралыбзэу щабж Белоруссием, Осетие Ищхэм, Приднестровьем щыІэ Молдавие Республикэм, УФ-м щыщ хъуахэу Донецк ЦІыхубз Республикэм, Луганск ЦІыхубз Республикэм. Апхуэдэу ар къыщалъытэ Къэзахъстаным, Абхъаз Республикэм, Армением, Таджикистаным, Узбекистаным, Польшэм, абыхэм я къэралыбзэхэм щыпІэхэм щаІэ пщІэм мащІэу елъэхъышхІми. А бзэр щолажьэ дунейпсо зэгухьэныгъэ куэдым. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, ООН-р, СНГ-р, ОДКБ-р, ЕАЭС-р, ШОС-р, ОБСЕ-р, нэгъуэщІхэри. Дуней псом нэхъыфІу зыщыдыжьажьа бзэхэм хальытэу, урысыбзэр дэнэкІи къыщалъытэ «щІэныгъэм и бзэу», ар ирахъумэу. Дунейм тхылърэ лэжьыгъэу къыщыдэкІхэр нэхъыбэ дыдэу зэрызэрадзэкІ бзэхэм ящыщу ебланэ увыпІэр къыпысащ урысыбзэм. А бзэмкІэ ятха тхылъхэр нэгъуэщІ хамэбзэхэм зэрырагъэзагъэм уеплъмэ, урысыбзэм 4-нэ увыпІэр иІыгъщ. Интернетыр къапщтэмэ, абы щыпэрытхэми хальытащ урысыбзэр.

КъэхутакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, XXI лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм къыщыщІэдзауэ урысыбзэм и пщІэр нэхъ мащІэ щохьу СССР-м хэта къэралхэм куэдым я щІыналъэхэм. Абыхэм гулъытэ нэхъ щагъуэт щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэм. АтІэми, урысыбзэр ноби кьонэж лъэпкъэр зэрызэгурыІуэ Іэмал нэхъыщхьэу. Къару мыкІуэщІ зыбгъадэлъ а бзэм и лъабжьэр, и пщІэр гъэбыдэным хуэгъэпсащ СНГ-м хэт къэралхэм я иужьрей зэхуэсым къыщащта унафэри.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

## Илъэс 30 щрикъум ирихьэлІэу

**Налшык къалэм жэпуэгъуэм и 15-м лъакъуэрыгъажкІэ къэзыжьыхьэр зыхэта Іуэху ин щекІуэкІащ. Ар къызэрагъэпэщат Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым илъэс 30 зэрырикъум и щыхьэІ.**

ЦІЫХУХЭМ я узыншагъэм гулъытэ хуеГъэщІныныр лъакъуэрыгъажкІэ къэжьыхьынымкІэ спортым зегъэужьынымрэ теухуауэ екІуэкІа Іуэхум хэтащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и депутатхэр, КЪБР-м Спортымкіэ и министерствэм, КЪБР-м ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм, КЪБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм, жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэм я лЫкІуэхэр, студентхэр, волонтёрхэр. Псори зэхэту Іуэхум зэриш элІащ цІыхуи 100-м нэс.

Зэхьихьэр «Спартак» стадионым (ЩОджэнцІыкІум и уэрамым) къыщызэІуахащ. КЪБР-м и Парламентым и депутат, Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащІэ политикэмкІэ, Спортымрэ туризмэмкІэ комитетхэм хэт Бечеловэ Людмилэ зэхьихьэр къыщызэІуихьым къыхигъэщащ лъакъуэрыгъажкъм ди зэманым кІуэ пэтми щІэупщІэ зэригъэтыжыр, абы уи Іуэху зэрыдригъэкІым къыщымынэу, сыт хуэдэ Ныбжьым ит цІыхуми и узыншагъэр иригъэфІакІуэнымкІэ Іэмалыфі зэрыхъур. Депутатым жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым лъакъуэрыгъажэ спортыр къыщыдгъэщІэрэщІэжьым гулъытэ хэха зэрыщыдгъэщІыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и мащІэжьым олимп чемпион хъуахэр. Ауэ, фигу къэзгъэзэкІыжьынщи, ди щІыналъэм щыщу япэ дыдэу 1972 гъэм Мюнхен къалэм олимп чемпион щыхъуауэ щытар (гуп эздзэжьм) Шыхъуэ Борисщ, - жиІащ КЪБР-м и Парламентым Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ Барэгъун Арсен. - Абы щыгъуэм ди хэкуэгъур щІэрыІуэ щыхьуат СССР-ми дуней псоми. Иужьрей илъэсхэм мызэ-мытІэу ар республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм щыдихьащІащ, икІи къэтІэтат республикэм лъакъуэрыгъажэ зэщІэхъеныгъэм зыщедгъэужьыжьын зэрыхуейр. Апхуэдэу КЪБР-м лъакъуэрыгъажэ спортымкІэ Федерацэр къызэдгъэпэща хъуащ. Абы къырикІуаращи, гу лъыфтауи къыщІэкІынщ, иужьрей илъэситІым ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ мыбы дегъэхьэхьыным хэгъэззэуэ Іуэхугъуэ куэд ди щІыналъэм зэрыщекІуэкІыр: лъакъуэрыгъажэкІэ къэзыжьыхьэм я гъуэгур къахуэгъэпэщыным щегъэжьауэ, зэхьэзэхуэхэр едгъэкІуэкІыфын хуэдэу, лъагъуэ хэхахэр щІыным щыщІэкІыжьу. Псалъэм папщІэ, ЛъакъуэрыгъажэмкІэ Урысей чемпионату 5 Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуэкІащ. Къыхэзгъэщыну сыкъуейт, Къэбэрдей-Балъкъэрыр адрейхэм къаззэрыхэщыр мэкъумэш щІэныгъэкІэ иІэ эзфІэкІым зэримызакъуэр, атІэ ар икІи спортым екъулІэныгъэхэр щызыІэрызэгъэжьэ щІыналъэу зэрыщытыр. Сыт и уасэ ди щыхьэрымрэ Щэджэм къалэмрэ зэпызыщІэну лъакъуэрыгъажэ гуэзэгу диІэныр! ФыщІэ яхуэсщІыну сыкъейт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и илъэс 30-р къыддалъытэу, мы Іуэхум зыкъезыгъэхьэлІэхэми ар къызэгъэпэщыным зи гуащІэ хэзылъхьахэми. Узыншагъэ, мамырыгъэ, екъулІэныгъэ фиІэну сынывохьуэхьу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн спортым и лэжьакІуэ псоми къабгъэдэкІыу республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэр бжьыгъэ дахэ зэрырикъумкІэ ехъуэхъуащ, ІуэхугъуэфІэр, екъулІэныгъэхэр яІэну зэригуапэр жиІащ.

ЛъакъуэрыгъажэкІэ къэзыжьыхьэм яхэтыну къекІуэлІа Киреев Михаил псалъэ щратым, къыхигъэщащ Налшык къалэр кІуэ пэтми зэредгъэкІуэр, абы спортым и лІэужьыгъуэ псоми зэрызыщІагъэужьыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортымкІэ и федерацэм и унафэщІ Занкишиев Арсен Іуэхур зэрекІуэкІынум абы хэтхэр щигъэгъуэза нэужь, лъакъуэрыгъажэ тесхэр «Спартак» стадионым деж щекъэри, ЩоджэнцІыкІум, Торчкъуэм, Лениным я цІэкІэ щыІэ, Балъкъэр уэрамхэм тІэу ирижащ. Псори зэхэту абыхэм я гъуэгуанэм километри 8 къызэщІипыльдэрт. Іуэхум хэтахэм щыхьэт тхылъхэр ирататащ, абыхэм я нэгу зрагъэужьащ республикэм и артистхэми.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● КъБР-м и Парламентым



## Депутатхэр бгым докІ

**КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим я пашэу, республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и Аппаратым и лэжьакІуэхэр, депутатхэр, ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэр дэкІащ Ак-Кай бгым и зы льагапІэм. Абыхэм бгыщхьэм хагъэуващ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр илъэс 30 ирокъу» ныпыр.**

ІУЭХУМ хэта куэдым я дежкІэ бгым дэкІыныр хабзэ дахэ яхуэхъуауэ щытщ - махуэшхуэхэм, фэеплъ махуэхэм ирихьэлІэу, депутатхэм эпымыууэ апхуэдэхэр къызэрагъэпэщ. Иджы льагапІэр къэзыгъэІурыщІахэм дунейми закъыдищІащ, махуэфІт, кІагъэ-пшагъэ щыІэтэхъыми, Къыр тхылъым и дахагъэр яльагъуну Іэмал яІащ.

Бгым кьехьжахэм яІуущ Къбр-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ. Журналистхэм щепсалъэм, абы кьыхигъэщащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и илъэс 30-м теухуауэ егъэджэныгъэ, хэзыгъэгъуазэ, спорт Іуэхугъуэ куэд ирагъэкІуэкІыну зэрамурадыр.

- Нэхъ гъэщІэгъуэнхэм ящыщщ Ак-Кай бгым и зы льагапІэм хабзэ дахэ хъуауэ зэрыдэкІар. Мы Іуэхум кьигъэлъагъуэу кьысщохьу нэхъыфІ уэрэхъуным, нэхъ льагэу зэпІэтІыным ухущІэкъун зэрыхуейр, - жиІащ Егоровэм. - НэгъуэщІ мыхьэнэи иІэщ зэхьхьэм: адрей Іуэхугъуэхэм, КъБР-м и Парламентыр я къызэгъэпэщакІуэу щытмэ, иджы ар езыр абы хэтщ. Дауи, гъэунэхуныгъэ тыншхэм ящыщкъым бгым удэкІыныр, ауэ депутатхэмрэ КЪБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ хъарзынэу абы я кьарур полъэщ. Нэхъыщхьэраци, бгым ущыдэкІкІэ е мы щІыпІэ дахэм деж ущыщІткІэ кьыбгуроІуэ сыт хуэдэ дахагъэм дыкъаухъуреихьми. Ди щІыналъэм зыщІыдмыгъэнщІу доплъ икІи дропагэ мыбдеж дыкъызэрыщІалъхуам, дызэрыщІипсэум.

Егоровэр бгым дэкІаэм ехъуэхъуащ, щыхьэт тхылъхэр яритри, льагапІэщІэхэр дяпэкІи зрагъэхъулІэну зэригуапэр яжриІащ.

- Хабзэ дахэ зэрыхьуауэ, республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэр бгым дыдэкІащ. ИкъукІэ си гуапэщ зи ужь дихьа Іуэхум жэуаплІныгъэ хэлъу дэтхэнэри зэрыбгъэдыхьар. Псоми я дежкІэ зэхуэдэу Іуэху тынш щыкІуу ар щымытми, Кавказ бгыхэм я дахагъэр зэрыплъагъумрэ мурад зыхуэбгъэувыжам ульэІэсын зэрыхуеймрэ гугъуехьыр пщагъэгъупщэ, - жиІащ Жанатаев Сэлим.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.*

## Бгылъэ щІыпІэхэм зегъэужьыным теухуауэ

**СНГ-м хыхьэ къэралхэм я парламентхэм я ассамблеем и хэщІапІэу Санкт-Петербург къэлэдж дэт Таврическэ уардэунэм жэпуэгъуэм и 12 - 13-хэм щекІуэкІащ бгылъэ щІыпІэхэм зегъэужьыным теухуа дунейпсо зэІущІэ. Видеоконференц зэпыщІэныгъэ Іэмалым тету абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэ зыужьынныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис.**

ЗэХУЭСЫР къыщызэІуахым Высокинский Александр абы кьрихьэлІахэм кьахуеджащ Урысей Федерацэм Федерацэмкіэ и Советым и Унафэщ Матвиенкэ Валентинэ закъызэрыхуигъэзам.

«Къэралым социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зиужьынныкІэ бгылъэ щІыналъэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ, абы кьуэду щыІэщ электрокъару къэзылэжь станцхэр, турист нэгузегъэужьыпІэхэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм фейдэ нэхъыбэу кьатын папщІэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм зегъэкъуэжьын, щІэхэлъхьэн, иджырей технологиехэр къэгъэсэбэпын хуейщ, экологие, промышленнэ щынагъэуэншагъэхэ къызэдгъэпэщу», - щыжеІэ къэралым и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и унафэщІым и тхыгъэм.

СНГ-м хэт къэралхэм я парламентхэмрэ гъэззэщІакІуэ властымрэ я лЫкІуэхэр, нэгъуэщІ къэралхэм кьикІа щІэныгъэлІхэр, еджагъэшхуэхэр тепсэлъыхьащ дунейм и бгылъэ щІыпІэхэм зегъэужьыныкІэ щыІэ Іэмалхэм, ахэр къэзылъахъэхэм, кьаІэта Іуэхугъуэхэм екъэлІауэ зэрызэдгъэжьэну щыкІэхэм, нэгъуэщІхэм.

ЗэІущІэм къыщалэта Іуэхугъуэхэм ящыщщ бгылъэ щІыналъэхэм яГуэтыну социально-экономикэ зыужьынныгъэхэр зыхуэдэнур, абыхэм щыпсэу лъэпкъхэм кьадэгъэугурыкІуэ щыІэкІэ-псэукІэхэм, зэран яхуэмыхьыным и мызакъуэу, ахэр хъумэныр, я хабзэхэр, тхыдэр нэгъуэщІ хэкуэм щыщхэм егъэщІыхуныр, бгы лъапэхэм щыпсэу цІыхухэр лэжьыгъэкІэ кьызэгъэпэщныр, кьуршхэм щыщыІэ экологие-хозяйствэ зэпыщІэныгъэхэр егъэфІакІуэныр, щыпэпсэм хуэсакьныр, цІыхухэм я щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэм хэтахэм кьыхалъхьащ бгылъэ щІыпІэхэм зегъэужьыным, ахэр хъумэным ехьэлІауэ щыІэ хабзэхэм зэхъуэкІныныгъэхэр халъхьэну, апхуэдэуи щІыналъэ зэпыщІэныгъэхэр, зэныбжьэгъуэр, зэгъуэнгъуэр гъэбыдэным, экологие туризмым зегъужьынным, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІакІуэным хуэунэтІа жэрдэмхэри кьагъэнэІуащ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Мэкъумэш

# Бжьыхьэсэр щIагъэхуабжьэ

**Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и Оперативнэ штабым ийлагъэ ирагъэкIуэкIа и зи чэзу зэIуцIэм видеоконференц зэпыщIанигъэ Iэмальм тету хэтащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн. Абы щытепсэльыхьащ губгъуэ лэжьыгъэхэр къэралым зэрыщекIуэкI щыкIэм, мэкъумэшыщIэхэр жылапхъэхэмкIэ, гъэсныпхъэхэмкIэ, мэкъумэш техникэхэмкIэ, нэгъуэщI зыхуейзыхуэфIхэмкIэ къызэрызэгъэпэщым, нэгъуэщIхэми.**

ЗэIУЩIэр езыгъэкIуэкIа, УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрий къызэрыхихъэщамкIэ, нобэкIэ бжьыхьэсэр зытращIар гектар мелуан 14-м щIегъу, ауэ дызэрыт илъэсым ар гектар мелуан 20-м нагъэсыну я мурадщ.

Иджыпсту къэралым и мэкъумэшыщIэхэм еужьэрэкIыу, уэфIу щыт дэтхэнэ махуэри къыгъэсбэлу къырахьэлIэж сэхуранэр, рапсыр, сое хуэдэхэр, жэгундзэр, кIэртIофыр, хадэхэкIэр. Гъавапхъэу нобэкIэ Iуахьжащ тонн мелуани 136-м щIигъу хьэсэм иджыри хамышауэ.

Патрушев Дмитрий кьыхихэщащ 2023 гъэм кърахьэлIэжыну гъавэр Урысейм зэрыхурикъунур, абы нэмыщI, нэгъуэщI къэралхэми иращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм япэ иткIэ абыхэми хурагъэшэн къаззрыуэнэнур. Апхуэдэуи министрым жиIащ мэкъумэш техникэхэмкIэ, гъасныпхъэхэмкIэ мэкъумэш Iуэхущ Iапи Iэмальхэм зыкъызэрагъэпэщар, узытегущыэвэрыхьэн зэрыщымыIэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэхэр республикэм жыджэру щокIуэкI. Дызэрыт илъэсым бжьыхьэсэм ирагъэубыдынущ гектар мин 65-рэ хуэдизкIэ. Нэгъабли абы хухахаяу щытар апхуэдизщ. Бжьыхьэсэ гуэдзу гектар мин 48-м нэблагъэм гуэдз тращIэну мы гъэм я мурадщ, адрей кьаням хьэмрэ рапсымрэ хасэнущ. Губгъуэ лэжьыгъэхэр дагъэзэнщэу екIуэкIын папщIэ мэкъумэшыщIэхэр гъавапхъэхэмкIэ, гъасныпхъэхэмкIэ, техникэхэмкIэ, щIыгъэпэщэрхэмкIэ ирикъуу кьызэгъэпэщащ.

# Апхуэдэхэр лъэпкъым щыгъупщэркъым

● Дзепш

**Лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщащ еджагъэшхуэхэм хуэфащэ дызэрыхальитэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIэныгъэлIэхэм ящыщу «ветеринар щIэныгъэхэмкIэ доктор» цIэ лъапIэр япэу зыфIаща, профессор цIэрыIуэу щыта Къущхьэ Хьусен Темыркъан и къэр (1938 - 2015). ЗэфIэкIыкIэхэу зыбгъэдэлъа Къущхьэр пщIэ хуащIу хагъэхьат Щ.IэныгъэхэмкIэ Петровскэ академием икIи а зэгухьэныгъэ цIэрыIуэм и академикыу илъэс 20-м нэскIэ щытащ. Жэпуэгъуэ мазэрщ Хьусен къыщалъхуар, бжьыхьэкIэ махуэ-хэми илъэсий ирикъунущ ар дунейм зэрехьэжри...**

БАХЪСЭН щIыналъэм хьыхэ Кыщпэк къуажэм щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэшхуэм 1938 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м къыщалъхуащ Къущхьэ Хьусен. Къуажэм дэт курыт школыр фIы дыдэу кьиуха нэужь, абы щыIэхэт мэкъумэш Iуэхущ Iапи Iэм щыхэх имыщIэу щылэжьащ щIалэщIэр. Еджэным адэкIи пищэным щIэхъуэпсми, а илъэсхэм ар къыхуэзпищакъым щIалэм, атIэми, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным зыкIи пабдзых мыхъуну Iуэхугъуэшхуэхэм хэтащ. Зи гугъу сщIыр комсомол путёвкэхэр Iэщащхьаку щIалэгъуалэр къэралым щекIуэкIащ. Абы щыгъуэ ухуэныгъэ инхэм, щIыщIэ кьэIэтхэм хэтауэ зэрыщытарщ. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 50 - 60 гъэзэу ди республикэм и промышленнэ IэнатIэм уэхущIэпхъэхэр щыщащ гъэкIуэкIым, комсомол зэгухьэныгъэм хэт зи щIалэгъуэ жыджрэхэр къэуващ къэралгъо мыхьэнэшхуэ зиIэ а лэжьыгъэхэм хэтыну арэзыуэ. Апхуэдэ щIыху псэ мызагъэхэм, къэкIуэным папщIэ жэуалныныгъэ лъагэ зыкъэзыщIэхэм ящыщащ комсомолец пашэ Къущхьэ Хьусени. ВЛКСМ-м кьрита тхыльыр иIыгIыну ар 1957 - 1960 гъэхэм яхэтащ «Гидромет» заводышхуэр ди къалащхьэм щызыужухахэм. Лъэпкъ экономикэм гъэлI ныбжьыщIэр университетым егъэджакIуэу къэнащ, езым унэтIакIуэу иIа еджагъэшхуэхэм я чэнджэщым тету. Апхуэдэу щыхъуми, Къущхьэр Iэнатlэм гурэ псэкIэ пэрыуващ, пщэрыльэ кьыщащI дэтхэнэ лэжьыгъэри жэуалныныгъэ хэлъу эзфIигъэкIыну.

Илъэс 50-кIэ ар хьэлэлу щыпэрытащ егъэджэныгъэ-методикэ, щIэныгъэ-хьэхутэныгъэ Iэнатlэхэм, япэщIыкIэ КъБКъУ-м, иужькIэ КъБКъМА-м (иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэр къэралым мэкъумэш университетым). А зэман кIыхьым кьриубыдэу зэи къэхъуакъым а цIыху щIпкъэр, егъэджакIуэ Iэзэр, къэхутакIуэ гумызагъэр иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм щытеззэша, аехр и щIэщIгъуэу щызэрыфимыха.

Студентхэр зэрыригъаджэм хуэдэурэ, абы пищащ блэкIа илъэсхэм дзэныхэхауэ щыта къэхутэныгъэхэм, абыхэм япыща лэжьыгъэ щхьэпэ куэдиз зэфIихащ. А псори и тегъэщIапIэу щIэтIысхьащ аспирантгъэм ихьа 70 гъэхэм я пэщIэдзэм кандидат лэжьыгъэ кIэхъ щIэщIагъэ елэжьын щIидзащ. 1974 гъэм ирихьэлIэжьыр ищIа къэхутэныгъэ купщIафIэр КъущхьэмкIэ ехъулIэныгъэ пхIгъэкIагъэ щытащ. А илъэс дыдэм ар хуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат. Абдежми кьыщIыуныIа къым щIэныгъэлIыр. Ар жжъ ихьащ и къэхутэныгъэхэм адэкIи зригъэщIэщIыну, дзэныхэх унэтIныныгъэр нэхъ кууужу иджыну. А мурадри зригъэхъулIащ абы.

КъБКъУ-м Мэкъумэшыщ и факультетыр щхьэхуэ хьууэ 1981 гъэм КъБКъМА-р кьыщIэзIуэхэм, Къущхьэм и лэжьыгъэхэм абы щыпищащ. 1988 гъэм Хьусен хьэзыр ищIащ илъэс бжьыгъэкIэ зэлэжьа диссертацэ купщIафIэр. Абы щIэныгъэлIым кьыщыщIыкIуэжащ зэман кIыхькIэ гумызагъэу иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ хьэлэмэтэр. А щIэныгъэ лэжьыгъэшхуэр ехъулIэныгъэ пхигъэкIащ Къущхьэ Хьусен икIи кьысфIащащ «ветеринар щIэныгъэмкIэ доктор» цIэ лъапIэр. Куэд дэмыкIыу Къущхьэм кьыхуагъэфэщащ «кафедрэм и профессор» кьулыкъу лъагэри.

Еджагъэшхуэм и кьалэмыпIэм кьыпыкIащ лэжьыгъэ купщIафIэ куэд. Абыхэм яхэткъым щIэныгъэ дунейм пщIэ лъагэ щызымыгъуэтарэ а мэкъумэш унэтIныныгъэм хуеджэ студентхэмрэ аспирантхэмрэ стIолыщхьэ тхыльэ яхуэмыхьуагъэ. А лэжьыгъэхэр я тегъэщIапIэу зы щIэблэкъым ветеринар Iэщ IагъэмкIэ диссертацэ зыгъэзыхьырахэри. Ди республикэм, къэралым биологие, мэкъумэш щIэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ щызиIа ахэр хуащ а Iэнатlэхэм нэхъри зегъэужьнынымкIэ хьэлъхьэныгъэшхуэ. Псори зэхэту къапщтэмэ, абыхэм я бжьыгъэ 130-м нос. Пэжжыгъэхэм яхэщ монографие щхьэхуэхэри, статьяхэ купщIафIэхэри, зрагъэблагъэ щIэныгъэ зэIущIэхэм, симпозиумхэм, конференцхэм, нэгъуэщI зэхуэсхэм щищIа доклад хьэлэмэтхэри. Къущхьэм и кьалэмыпIэм кьыпыкIауэ унагъуэ зэпхыныгъэ ин щыIащ. Унагъуэм тхыльхэм ящыщ зым кьыхуагъэфэщауэ щытащ «Мэкъумэш щIэныгъэм зэреджэ и тхыльэ нэхъыфIэ» кьэралпсо зэпеуэм и щIыхь тхыльыр.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ Къущхьэм Хьусен Темыркъан и къуэр, СССР-м, УФ-м я ветеринар-анатом цIэрыIуэр, пщIэ хуащIу мызэ-мытIэу зэрыраблагъар анатомхэм, гистологхэмрэ эмбриологхэмрэ я къэралпсо съездхэм. Адыгэ едаукъэгъэшхуэр абыхэм хэт къудейтэкъым, ар я тущыкъым ихьэрти, дохлад купщIафIэхэр щищIыт. Ар чэзэрэ хэтащ морфологхэм я къэралпсо зэхуэсхэми. Зи псалъэм пщIэ лъагэ иIэ Къущхьэ Хьусен и Iуэху епIыкIэм, лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэм щыгъуэзэ зыхуащIыну куэд хущIэкъуэрэ, Къущхьэ Хьусен Темыркъан и къуэр зыщыпсэуэ унэу Налшык дэтым фIэлъщ абы и фэеплъ пхъэбгъу.

Еджагъэшхуэм бгъэдэлъа зэфIэкI лъагэр, хэпа щэн екIуэрэ Iуэху зезыхьэкIэ дахэжмрэ ноби щалъэщ къыдэкIуэтей щIэблэм я дежкIэ. Апхуэдэхэр лъэпкъым щыгъупщэркъым.

**КъАРДЭН Маритэ.**

# КъыщIагъэкIым хохъуэ

**2023 гъэм псыхэкIыу псори зэхэту къыщIагъэкIам и индексыр проценти 117-рэ хъуащ.**

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, 2023 гъэм и япэ мазийм кьурыбыдэу республикэм и къыщIэшIэпIэхэм щрагъахьуэ минерал псым и бжьыгъэм нэгъабзэрйем елыытауэ процент 18-кIэ хэхъащ, псыIэфIым - 6,4-кIэ, сырэм (пивэм) - 32,7-кIэ.

**БЭТОКЪУЭ Албэч.**

# БгъуфIэщ, щызекIуэгъуафIэщ

**«ГъуэгуфI шынагъэнэшхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иту, Налшык къалэ къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыж Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамыр.**

КъЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ, мыбдежым сабийхэми балигъхэми я узынщагъэм щакIэлъыплъ-щеIэзэ Iэхуущ Iапи Iэ зыбжанэ зэрыщыIэр. Абыхэм ящыщу Перинатальнэ центрыр, Сабий унэр, Республикэм и къэр куэд зыгъэхьазырыр и сабий клиникэр (РДКМЦ), кардиологие диспансеры. Мы щыпIэм, махуэ я кьэс жыхуаIэм хуэдэу, щэ бжьыгъэкIэрэ кьекIуалIэр ди республикэм и район псоми щыпсэу цIыхухэм я закъуэкъым, атIэ гъунэгъу щIыналъэхэм кьикIхэри яхьолъагъуэ.

Мы зэманым зэрыщытыр аращи, гъуэгум и Iыхьэу Профсоюзэ уэрамым кьыщегъэжьауэ езыз Перинатальнэ центрым нэс дэлъыр куэдкIэ нэхъ бгъуэ ящIащ, тельа и щхьэфэр трагъэжъэбзыкIри, и лъабжьэр згъэбыдащ, асфальтыщIэм и ипэ тебзэри трагъэзэгъащ, лъэныкъуитIымкIи и кIыхьагъкIэ лъэс зекIуапIэ догъуэхэр щыпхашащ, и бгъуитIымкIи иджырей уэздыгъэхэр здынЬдза пкъоущIэхэр щагъэуващ.

Профсоюзэмр кьыщыпихьэм кьыщыщIэдзауэ, Щоджэным и Iыхьэу кьалэ дэжьпIэмкIэ ХьедзамтелЬа асфальтыр мы зэманым трагъэжъэбзыкI, гъуэгур нэхъ бгъуэ зэрыщащIыным, ибгъуэхэр зэрагъэбыдэным, тльэс зекIуапIэщIэхэр зэрыщыхагъэунэхуKIым хуэгъэзэа лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI.

Уэрамым и кIыхьагъкIэ тIуащIэрыщIэу асфальтыщIэ траЛъхэ, машинэ гъэувыпIэхэм зыщагъэуубгъу. Езы автомобиль зекIуапIэри щынагъуэншагъэм хуэгъэза нагъыщэхэмкIэ кьыхэзрагъэпэщынущ, тльэс зэпрыкIыпIэхэр кьыщагъэльэгъуэнущ. Лэжьыгъэ псори бжьыхьэм яухыну я мурадщ.

**АЗЫЧЭ Бэллэ.**

# Iуащхьэмахуэ лъапэ псыр щагъэкъабзэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ псы къагъэсэбэпаэр къызэрыIуаш, псыдзэр къызэрех къэхуэфар, километр 17 я кIыхьагъэу щIым щIэлъ бжьамийхэр, абыхэм къадэкIуэу, псыр зэрагъэкабзэ ухуэныгъэхэр мы махуэхэм зэрагъэпэщых.**

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР нэгъабэ щIадзащ икIи иджыпсту ахэр щокIуэкI Азау губгъуэм щегъэжьауэ Эльбрус кьуажэм нэсыху. А лэжьыгъэм текIуадэ мыпхъур республикэ, федеральнэ бюджетхэм кьыхэкIащ. Iэщащ-гъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, яубзыхуахэр зэфIагъэкIмэ, псыр зэрагъэкабзэ ухуэныгъэхэм я пьэщагъэм хуэдитIкIэ хэхъуэнущ, абы иратхьэлIэри иджырей мардэм кьитIасэ мастеритIалхэрщ.

Кьурш щыпIэхэр зэрымывалъэм кьыхэкIыу лэжьыгъэхэр щIагъэхуабжьэ хьуркъым, ауэ абы щхьэкIэ кьэмынэу кьапэщылъ Iэхуур зыхуагъэувыжа пIалъэм, ильэс дызыхуэхуэм и кIэм кьурибыдэу, зэфIагъэкIынущ.

Псыр зэрагъэкабзэ ухуэныгъэхэм зы жэщ-махуэм кьурибыдэу иджпсту кьахуэлъэщыр псыуэ кубометр тонн мини 6 кьудейщ. АтIэ, ильэс кьэс Iуащхьэмахуэ лъапэ кьакIуэ туристхэм мин бжьыгъэкIэрэ кьаэзэрыхьхуэм тепщIыхьэм, абы и лъэщагъэр зы жэщ-махуэм кьурибыдэу кубометр мини 10-м нагъэсыну кьапэщылъщ.

ЩIыпIэм щыпсэу цIыху мини 6,1-м щIигъу кьызэщIибыдэнущ а лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI объектхэм, абы кьыдэкIуэу ильэс кьэс зыгъэпсэхуакIуэ Iуащхьэмахуэ лъапэ кьакIуэ туристу мин 700-м нэблагъэ.

Эльбрус кьуажэм псыр зэрагъэкабзэ и ухуэныгъэхэр зэгъэпэщыжьмкIи ехьэлIа лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «Кавказ Индкъэрэм хьихэ щIыналъэхэм зегъэужьныныр» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

# Зы къуажэм и тхыдэ пэж

**Тхыдэхутэр Iэмальншэу зы Iэхуэгъуэ жьэхуэ: блэкIам къыхэна къэхъукъащIэм и пэжыр уи нэгу къыщIэзыгъэувэ теплъэгъуэхэр нэсу зэфIэгъэувэжьынымрэ абы игъэтыну къэIуэтэкIымрэ. Тхыдэ къэхъукъащIэхэм я кIапэ утеувэным, ар зэрыщытам хуэдизу къэIуэтэжьынымкIэ ящыщ: ар, япэрауэ, зы пIэныкъуэ гуэр щIэрыщIэу зэпкърызыплъыхь бгъэдыхьэкIэу щытынущ, Iуэху гуэрым къыхьэнущ, Iуэху бгъэдыхьэкIитIыр зэхэухуэна щыхъум дежь, къэхутэныгъэр щIэщыгъуэ хъум и закъуэкъым, атIэ нэгъуэщI Iуэхуэр къетIэщIри, щIэныгъэм зыужьыпIэ зэрыхуэхъум шэч хэлъкъым.**

АПХУЭДЭЩ Налшык къалэм дэт, Котляровкэ Викторэ Мариерэ я тхыльэ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIа тхыльыр. «Ботэщейм и тхыдэ напэкIэщIэхэр. XVIII - XX лэщыгъуэхэр» - аращ зэреджэр Беслъэней Владимир и Iэдакъэ къыщыдэкIа тхыдэ-публицистикэ гъэм. Тхыльым и фIэщыгъэм къызэрыхэощIи, ар зытеухуар Джылахьстэней щIыналъэм и щыхьэрибгъум языкъэзу Ботэщей адыгэ къуажэжьыр, абы иужьрей илъэс щищым къызэпича тхыдэ гъэзэгуэнэрщ, щIипсэуа икIи щыпсэу и цIыху гуащIафIэхэм къуажэм, щIыналъэм, хэкум хуащIа хэлъхьэныгъэрщ.

Тхыльыр зи къалэмыпIэ къыщыдэкIа Беслъэней Владимир Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм фIыуэ къыщащIыху журналистщ, тхыдэтхэщ. Беслъэнейм щIыналъэм къыщыдэкI «Тэрч» газетым и унафэр илъэс Iэджкъэ зэрригъэкIуащ, зыпэрыту Iэнатlэм и фIыгъэкIэ цIыху куэдым яIущIэнуи, епсэлъылIэнуи, куэд зригъэлъагъуэнуи Iэмал хьарзынэкэр иIащ. Щалъуэ Тэрч щIыналъэм и тхыдэр емыцIыжу кьетIащI, къыщIэхъуэ щIэблэм ящыщ Iэхуэгъуэ-хэтныгъэ гъэщIэгъуэнэхэр ирегъэкIуэкI. Беслъэнейм хуэдэу зы щIыналъэм и кьекIуэкIыкIар зэфIэгъэувэжьынымкIи ижь ита, ар лъэныкъуэ къуэд къыщIэщIидыдэу къэзэхута щыIэу къыщIэлъыплъыну. Ботэщей къуажэм, нобэ Плановскэ фIэщыгъэр зезыхьэм, теухуар апхуэдэщ. IэхьипащIу зэхэт лэжьыгъэм къэхутакIуэм ирегъэзэгащ Ботэщей жылэм кьежьапIэ хуэхъуам, нобэ щыпсэу щIыналъэ кIыхьэ-тIысхьа щыкIэм, абы хьэблэхьэблэу зэрызигуэшам теуху Iуэхугъуэхэр. Гуапэ мыхъуу кьанэрхьым тхыльым кьуажэр зыгъэтIыса, дыжьыныгъэ уэркъ цIэр зиIэ Iэтащ-хи ятIонэрщIэ зэримыкIыр, абыхэм я фIыщIэмрэ фэеплъымрэ Iэщыбэ мыхьуу иджырей цIыхухэм я пащхьэ зэрырилъхьэр. Беслъэнейм Iэщ Iагъэ зэрыщыгъуэ зэпкърихащ унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Емуз Нинэ. Налшык къалэм и унафэщIу лэжьа Хьэгъэ Залымджэрий, РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ щIыхь зиIэ я докутыр Емуз СулътIан, нэгъуэщIхэри.

Беслъэнейм ди пащхьэ кьрилъхьа тхыльыр зэрыиным кьыдэкIуэу, пщIэшхуэ зыхуэфащэ кьэхутэныгъэщ. Еши щхьэхи имыIэу ар дэлэжьащ зэхуихьэсыж тхыдэ Iуэхугъуэхэр хьэкIыу хьэгъыгащтэ тхыльымпIэхэр уэру кьиззэрихьыным, тхыльым и напэкIуэцIкэр сурэт гъэщIэгъуэнэхэмкIэ зэригъэщIыным, блэкIа илъэсхэм кьыдэкIа газетхэмрэ журналхэмрэ кьуажэм теухуауэ ясы техуа тхыгъэхэм я пычыгъуэхэр тегъэщIапIэ зэрищIыным. Абыхэм тхыльыр ягъэщIэращIэ, удамыкьэхьинкIэ Iэмал имыIэуи гупсысэм и щыхьэт дахэ мэхъу.

Беслъэнейм и гуащIэдэкIыр абрагъуэщ. Котляровкэ Викторрэ Мариерэ я тхыльэ тедзапIэм кьыщыдэкIащ Урожайнэ (Абейкьуажэ), Инарькъуей, Курп Ищхъэрэ (Кьаншыуей), Курп Ищщ (Испаномей), Новая Балкария, Тэрч къалэм ехьэлIа тхыльэ щхьэхуэхэр. Мыбы хьыхьэрыкIым тхыдэтхым иужьрей илъэс тIощIыбрыпщIым Къэбэрдеймрэ Джылахьстэнеймрэ я тхыдэм ехьэлIауэ къыхуэта икIи пщIы бжьыгъэкIэрэ къытрыригъэдза тхыгъэхэр.

Тхыдэшхуэ кьыззэшIэнэкIа адыгэ къуажэжьым и блэкIам щыщ зы ныбэ кьэзыгъэщIыж тхыльым щIэныгъэ щIэщIыкIыным, Iуэху минкIагъэ ныкъуэм щхьэдэх къуажэдэхэм я мызакъуэу, лъэпкъым и блэкIар зыкIэрэзыщIыгъуэнхэм я деж абы пщIэ щигъэтынущ. И гуащIэм кьурибыдэу цIыхур зэ щызэыпIэкIыж къэзыуркъым. Езым кьыдэкIыу гъэгуанэм кьыщымывыдIэу, ар кьыздикIуа и Iыхьлхьэм, и ныбжьэгъуэм, и кьуажэгъуэм зэ яхуэплъэкIыж, гъащIэм кьыхиха лапIэныгъэхэр. щIэрыщIэу щIепльыкIыж. Зыгурэхэм зыщихъуэжи кьыхэкIми, зызымыкъуэжир зыщ - къежьапIэ хуэхъуам хуиIэ хущытыкIэрщ, гурыщIэрэ. Арыхъуэи, абы бжьыгъэ зэримыгъэтыным цIыхур хущIэкъу мэхъу. Беслъэней Владимир и тхыльыщIэр абы и Iуэхугъэ гуаэзэ зэрыхьыну шэч кьытетхьэркъым. Тхыльыр бжьыгъэ мащIэ дыдэ хъуэщ дунейм кьызэрытехьар, ауэ ар зэрызэгрыкIынум, тхыльэ гъэтIылъыгъэхэм хуэфащэ увыпIэ зэрыщигъэтынум шэч хэлъкъым.

**ШУРДЫМ Динэ.**

## Дунейм щыхъыбархэр

### КъагъэщIэрэщIэжауэ

**Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм дыгъуасэ щегъэжьауэ сом мин, сом минитху хъу ахъшэщIэхэр къэгъэсэбэпын щIидзащ. ТхьилъмпIэ ахъшэхэм яIа плъыфэхэр къэнэжащ: 1000-р къащхьэуафэщ, 5000-р плъыжьщ.**

Сом миным тетщ Новгород Ищхъэрэмрэ Приволжье щIыналъэмрэ щыщ тепльэгъуэ. И напэм Новгород Ищхъэрэ дэт Никольскэ чэщанэм и сурэтыр тетынущ, и щIыбагъымкIэ Тэтэр лъэпкъым и къэралыгъуэм и тхыдэмкIэ музейм, Къэзан и Чардэунэм и щIыналъэм щыIэ Сююмбике чэщанэм, Уфа археологиемрэ этнографиемкIэ дэт музейм я тепльэкъэр щыпльагъунущ.

Сом минитхум уи нэгу къыщIигъэхьэнущ Екатеринбургрэ Урал щIыналъэмрэ. Абы и Iупльапl эм къыщыгъэльэгъуащ «Европа - Азия» стелэр, ахъшэр къызэбгъэдэзэкIмэ, Челябинск дэт «Сказ об Урале» памятникым, апхуэдэуи Салехард щыIэ «66-параллель» фэеплъым я сурэтхэр щыбобльагъущ. НэхъапэкIэ а тхыльымпIэ ахъшэхэм тету щытащ Ярославль, Хабаровск кьалэхэм дэт щэнхабзэ ухуэныгъэхэр.

Банк Нэхъыщхьэм и унафэщIхэм жаIащ тхыльымпIэхэм я тепльэм иджырей дизайнымкIэ и Iэмал щхьэхуэхэр зэрыхэпльагъуэр, кьищынэмыщIауэ, ахъшэ нэпцIэхэр абыхэм тепщIыкIыну кьэзыгъэкIэ нэхъ гугъу зэрыхуэар.

### И мурадхэр иджыри кьехъулIакъым

**США-м и Iэтащхьэ Байден Джо «CBS»-м ирита интервьюм щыжиIащ къэралым щекIуэкIыну президент хэхыныгъэхэм хэтыну зэримурадыр, апхуэдэуи Урысейр зэхэкъутэн хъуэпсапIэ зэриIэр.**

«Ди нэгу кьыщIэвгъэхьэт, Европэр псори зэкьуэдгъэувэрэ Урысейм дыпэщIэувэмэ, кьэхъункIэ хъунущ. Путин Владимир кьигъэувэ гугъуехьхэм пэщIэтыныжмкIэ хэкIыпIэ хъарзынэт ар», - жиIащ абы.

КъищынэмыщIауэ, Байден Джо кьыхигъэщащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и къэралхэм яхуиIэ пыщIэныгъэхэр зэрыригъэфIэкIэнур, апхуэдэ зэхущытыкIэхэм Америкэм и фейдэ зыхэлъ Iуэху щхьэпэ куэд кьызэрыдэкIынур. «Дунейр нэхъыфI щIыныкIэ, абы зыужьыныгъэшхуэхэр щегъэжьыныжмкIэ дз Iэмалышхуэхэр диIэш», - жиIащ Америкэм и Iэтащхьэм.

Президент кьулыкъум етIуанэ пIалъэр пэрыувэну щIыхуэфим и щхьэусыгъуэу абы кьегъэлъагъуэ зыхуигъэувыжащ щыта кьалэн псори игъэзэщIэну зэрыхунмысар. «ИлъэсипIл ипкIэ а Iэнатlэм сыпэрыувэну мурад щысщIам сэ жысIаущ щытащ Америкэм и зэIузэпэщ псоукIэм дызэрыщIэбэнэнур, иджыри зи ужь дитыр араш. Иджыпсту дыкъэзэтеуцIэ Iуэхуэм щыIэ и кIэм зэрынэзмыгъэсарщ президент хэныныгъэм сыщIыхьыхьэнури», - жиIащ Байден Джо.

**♦ Къулейсысыгъэр гъэкIуэдыным и дунейпсо махуэщ**

**♦ 1905 гъэм Урысейм и япэ Кэрал Думэм и зэхуэс екIуэкIащ.**

**♦ 1938 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ я гъэуващ «Хахуагъэм и Iэуэм ящыгъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ» медалхэр.**

**♦ 1961 гъэм** Кэрал Кремль Уардзунэр кьызэIуахащ.

**♦ 1943 гъэм** кьалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъутэмыщ Хьызыр.**

**♦ 1952 гъэм** кьалъхуащ тхакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Котляров Виктор.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщIынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 18, *бзэрэжьей*

**♦ КIэнфетхэм я дунейпсо махуэщ**

**♦ ЦIыхухъуэхэм я джанэхэм далъхьэ пщыдэлъым и дунейпсо махуэщ**

**♦ 1941 гъэм** кьалъхуащ КъБР-м и япэ Президенту щыта, кьэрал лэжьакIуэ, политик Iэзэ **КIуэкIуэ Валерэ.**

**♦ 1942 гъэм** кьалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м и цIыхубэ докутыр **ХьэцIыкIу Борис.**

**♦ 1958 гъэм** кьалъхуащ КъБР-м гъэздэжьэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емкъуж Лиуан.**

**♦ 1968 гъэм** кьалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь кIуэдкIэ лэжьа, КъБР-м и Парламентым, УФ-м Связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм я щIыхь тхыльхэр зыхуагъэфащэ **Гъурыжь Мадинэ.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщIынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 7 - 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **щхьэщэмыщI Иэзэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**КъуанщIэм нэ хуащIати, набдзэ жиIащ.**

# ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

# Гуащэхужь

ЗЭРЫЖАІЭЖЫМКІЭ, Хьэтіохьущокъуэ Беслъэн, пащтыхыым и дзэпщхэм емызэгъ щыхъум, Къэбэрдейр ибгынэри, Псыжь зэпрыкІащ, абаззэхэсм яхэтІысхьэри, пащтыхым и дзэм куэдрэ кьеззуащ. Абаззэхэсм илъэсищкІэ ядэзэуаэу, Беслъэн бгым къикІыжри Уарп дежь тІысащ. Уарп кьекІуэлІэжащ Беслъэн и шынэхъыщэри - ХьэтІохъущокъуэ Мысост. ЗэшитІым кІуэ зыриз яІэт - Аслъэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ.

Аслъэнджэрий щІалэ хъыжьэт, ІэщдакІуэт, абрэдж пашэт. Адэлджэрий лы-гъэкІэ къыкІэрыхуртэкъым абы, нэхъ Іэсэми. Беслъэнрэ Мысострэ Уарп дежь тІысыжаэу, беслъэнеиплщ Къанокъуэ Айтэм и шыпхъум, ГуащэхужькІэ зэджэм, и цІэр Іуащ. Аслъэнджэрии Адэлджэрии лъыхъуащ Къанокъуэ Айтэм и шыпхъу цІэрыІуэм. Гуащэхужь Мысост и кІуэ Адэлджэрий дэкІуэсащ. Ар игу текІуакъым Аслъэнджэрий: и адэ кІуэшри, и адэ кІуэшым и кІуэри бий ищІащ.

Аслъэнджэрий бий къыщыхуэхъум, Адэлджэрий бгым ихьэжащ. Адэлджэрийрэ Гуащэхужьрэ къыщыІэрымыихьэм, Аслъэнджэрий и адэ кІуэшыр, Мысост, иуКІащ, ар къыІэрыхуэмыГъунур, ищІэрти, абрэджу хьихьэжащ.

Зыбжанэ дзкІаеуэ, бгым щІэзэрихьэлІэжащ Аслъэнджэрийрэ Адэлджэрийрэ. Абаззэхэсм ядакъым зэшитІыр зэрыуКІыжьхи: хагъэзыхьри зэрагъэкІужащ. ЗэрагъэкІужа щхьэкІэ, тІуми я гу зэхэупІьырт. Илъ зэрищІэжьхи Іэмал хуекІуэри, Адэлджэрий бгым къикІыжащ, урыс дзэпщым екІужа фэ зытригъауэри Уарп деж тІысыжащ. Аслъэнджэрий зэрыыбрэдэкт, шу гуп зыщІигъуурэ Псыжь зэпрыкІырти, зекІуэрт. ЗекІуэ екІвауэ къыщыкІэлъыпэхъэркІэ, Аслъэнджэрий и кІуэшым дежь зыщигъэпщкІырт: урыс дзэпщым екІужауэ зигъэІуатри, Адэлджэрий шэч къыхуащІынутэкъым. Апхуэдэуэрэ зриГъаесэщ, игъэбзлэрыгъри, Адэлджэрий илъ ищІэжащ: Аслъэнджэрийр иуКІри, бгым ихьэжащ.

# Псэм нэхърэ нэхъапэр

ЗыПЩ зекІуэ ежьащ, шу гъусэ зыщІигъури. ЗекІуэ ежьэри кІуэдащ - и хьыбар къэІужакъым. Жьлэр гуэвзентэкъэ: лърагъэжьащ – дунейм яхутехакъым. Зыбжанэ дзкІаеуэ, зы шу къахуеПсыхащ, жьжьъ къикІри.

- Фи пщыр ди гъэрщ, - къажриІащ шум. - ЩхьэщэхужьпщІэ къыдзэмыгуаэ фэттыжьынукъым. Къыдзфтынур дыщэщ.

Ар къажриІэри, шур яхэкІыжащ. Пщыр ирагъэуукІынт: щхьэщэхужьпщІэ зэхадзэри, зы гуп ирагъэжьащ. Гъэгур кІыхьти, жэщ къащытехъуэм, гупыр епсыхащ. Дыщэр зыІыгъ щІалэм шыр хигъэпщ зищІри дыщэр Іуащхьэ лъабжьэм щыщІитІащ.

Нэху щыри, гупыр ежьэжащ, шэджагъуэ хъуху гъуэгу тетауэ епсыхащ. Дыщэр зыгъэпщкІуэ щІалэм уанэр щытрихьи къэщта нэпці зищІащ:

- Дыщэр згъэкІуэдащ: лъатэпсыр зэрыжри дыщэр скІэрыхуащ. СывуКІми, схуэфащэщ.

Сыт ящІэжынт гупым: щІалэр буКІкІэ дыщэр бгъуэтыжькІ? ТебгъазэкІи дыщэр дэнэ кІыпхьжькІ: гъэгум щІыпкІэрыхуамэ, упыкІащ.

– ПІо тщІэнур? – гуэвзгъуэ хэхуащ гупыр. - Пщыр къаІэщІэдмыхьыжауэ дгъэзэж хъунукъым.

– Дгъэзэжынкъым, - жиІащ дыщэр щІэзытІа щІалэм. - Дыщэр щыдимыІэжкІэ бзаджагъэ дыхуекІуэнщ...

ЗэрыгъэІущри, гупыр ежьэжащ, я пщыр зыубыдам я деж нэсри хъыбар ирагъэщІащ: «ЩхьэщэхужьпщІэ къэтхъащ, фыкІаеКІуи, дызэгъэпсалъэ».

ЛІитІ къагъэкІуащ, щхьэщэхужьпщІэмкІэ зэгурыІуэн хуейти. Лиитіыр ирубыдащ гупым. А тІур щыгувэм, нэгъуэщІ лІитІи къыкІэлъагъэкІуащ:

- Щхьэ загъэгувэрэ? - жари.

А тІури ябубыдащ гупым. Іэхъур зытетыр модрейхэм дэнэ щащІэнт: аргуэру лІитІ къагъэкІуащ - а тІури ябубыдащ. ИтІанэ хъыбар ирагъэщІащ:

- Ди пщым лІитху щыгъуэщ, фи лІих ди Іэмышлі къихуащ. Пщымрэ пщым и шу гъусэхэмрэ къыдэбмытыжмэ, лІихри дукІынущ.

Іэмал яІэжтэкъым: пщыр къратыжри, гупыр кьежьэжащ. Я гъусэ щІалэм дыщэр щыщІитІа Іуащхьэм къэсыжауэ, гупыр епсыхащ. Дыщэр къыщІитІыкІыжри, щІалэм жиІащ:

- Дыщэр згъэкІуэдакъым. Дыщэр мы Іуащхьэм дежь щыщІэстІат. Ди пщым и щхьэ къэтщэхужьм кьеэгъэкІуакъым - аращ дыщэр щІыщІэстІар. «Абы дынэса дэ? - жысІащ. - АфІэкІа лІыгъэ тхэлъыжжхъэ?» Ди пщым и щхьэ хъэтщэхужьауэ зэхэзэыхьм сыт къытхужаІэнт? Дыщэр згъэкІуэдауэ щыжьісІэм сывуКІынкІэ хуэну зэрыщытари сщІэрт сэ, сывуКІакІи емыкІу фиІэтэкъым. Си псэ себлэнтэхьэм: псэм нэхърэ нэхъ лъапІэщ напэр - аращ сэ сызэплъар.

Дыщэр къыздахьыжри, гупыр я жьлэ дыхьэжащ, я напэ мыульияуэ.

# Уи гъусэр хуэмыхумэ

ЩІАЛИТІ щакІуэ ежьащ:

- Мыщэ къэдуКІынщи, мыщафэр гуащэм къыхуэтхъынщ, - жари.

Мэзым хыхьауэ зэдэкІуэм, мыщэ къащІуэуащ.

Мыщэ къащІыуэм, зыр жыгым дэпъеягъ, адрейм, утыкум кьинати, зигъэуКІрийри, ПІа нэпці зищІащ. Мыщэр ЛІа нэпці зызыщІам къыбгъэдыхьащ, къепэмщ-непэмри ІуигъэзыкІыжащ.

Мыщэр мэзым хыхьэжа нэужь, жыгым дэпъеяр къехьжащ.

- Мыщэр уи тхьэкІумэм къызэрихъуцэцар слъэгъащ, - жиІащ жыгым къехьжам. - Сыт къыбжиІар?

- КъызэжиІар пщІэркъэ? - жиІащ мыдрейм.

- СщІэркъым.

- Гъусэ хуэмыху уиІэмэ, мыщэ уемыбэн - аращ къызэжиІар. Абы и ужькІэ ахэр щакІуэ зэджьэжакъым, мыщафэ Іэрымылъхьэми гуащэ щагъэгугъыжакъым щІалитІым.

# Къанж и къуэ Щэуей

### Нэрыбгейм и къуэ закъуэ

Хуэтхъэмыщкіэу псэу фызыжь цыкІу гуэрым Уэзырмэс, Сосым, Сосрыкъуэ жаІэу къуэщ иІэт, жи. А щІалищыр зэшхуэзэеу, зэдэшууэ, зекІуэ зэдежьэу апхуэдэу хъуат, жи. Зи, Тхьэм кьигъэщІауэ дапщэрэ ежьэми яхуэдэр кьайхъуапсэу мылъкушхуэ, шы гуартэ кьрахулІэрт. Апхуэдэу дапщэрэ Наужь фызабэм и къуищыр къеКІуэлІэжми, еупщІырт:

- Ей, си щІалэхэ, мы фэ къефхулІэр фи лэжьыгъэкъым, ауэ ар зи лІыгъэр къэвгъэнахуэу, сэ кьызжефІэ, – жиІэурэ. Наужь и къуэкъм зэреупщІымкІэ зы жэуапи иратыгъэкъым.

Ауэрэ екІуэкІыурэ зэгуэрым зэшищыр зекІуэ ежьэри, здэкІуэ хабзэр Къанж и къуэ Щэуей дежти, я унэжь хуэдэу зэшищри екІуэлІащ.

- Іэу, хьэщІэ сиІи, - жиІэри Къанж и къуэ Щэуейм зэшищыр иригъэблэгъащ, иригъэфащ, игъэшхащ, игъатхъэри игъэгъуэльыжащ.

Къанж и къуэм хьэщІэ къыщыхуэкІуар имышІэу хъунт, ар абы и щыпэтэкъым. Еуэри, и шым уанэ трилъхьэр, и Іэщх-фащэу зыкІэрилъхьэрэ дакІащ.

Тхьэм ещІэ ар а жащым здынэсар, абы зэхэзекІуэу кьищІар зыхуэдэр. Сытми, мо хьэщІэхэм я къэтэджкІгъуэ дыдэм ирихьалІэу шьбэ кьихури кьыдыхьэжащ.

Арат хьэщІэхэр Къанж и къуэм деж къыщІэкІуари, къаритри къиутІыпщІащ. ХэхъуэфІ яІэу зэшхэр кьыздэкІуэжьмэ шым жиІащ:

- Мыпхуэдизыр къытхуэзышІэ щІалэр щхьэ зэдгъэщІихункІэ мыхъурэ, ди анэр кьыдэупщІми, мыпхуэдэр ди ныбжьэгъуэ, жытІэу жетІэну и цІэ, и щхьэ тщІэрэкІым.

- АтІэ, къэдвгъащІэ, уэ унэхъжьыщи, кІуэ, - жаІэри Уэзырмэсым паубыдащ.

Уэзырмэс игъэзэжри еупщІащ:

- Уэ ухэт? Зумыуесыгъуэджэмэ, уи цІэ-уи щхьэ кьыжджеІэ, - жиІэри.

Къанж и къуэр абы кьебзэджэкІри, и цІэ-и унэцІэр зэхъэзыІауэ, нэгъуэщІу кьыжриІащ. Уэзырмэсри игъэзэжри, ар и ГъусэхэмщажриІэжьым зэрымыпэжьри къащІащ, Сосым ящІэзыращ.

Абыи, япэм хуэдэ дыдэу, нарт щаэм ящІы къыхуиупсри, и цІэмрэ зыщІыщымрэ пэжу къыжриІакъым.

Ари щымыІэжьри, я нэхъыщІэ Сосрыкъуэр кІуэри жриІащ:

- НэхъыжьитІыр уи лІыкІуащ, ауэ пэжыр яжеПІакъым. Сэ уэ благъэ уэщІынут, уи цІэ, уи щхьэ, уэзыщІищ кьызжеПІэну си гуапэт, си шыпхъу закъуэри уэстынут, - щыжриІэм, Къанж и къуэр гупсысэжащ.

- АтІэ, уи шыпхъум и уасэу мы шы къуэлэн цІыкІур уэст. Къанж и къуэ Щэуейуэ Нэрыбгейм и къуэ закъуэ жыхуаІэри сэращ, – жиІэри тэрэзыр къыжриІащ.

Шы цІыкІур Сосрыкъуэм щІыгъурэ и Іэдэжу, Къанж и къуэри кьыздэшутыгъэу нэхъыжьитІым я деж къекІуэлІэжри, Сосрыкъуэ Іуэхур зытетыр кьиУэтэжащ. НэхъыжьитІри абы иригуфІэу акъылэгъу дэхъури, Къанж и къуэр къащІыкІэлъыкІуэнумкІэ пІалъэ зэратри, зэшхэри кьежьэжащ, езыми игъэзэжащ.

Къэсыжхэри, Бабыкъ дахэр лЫ зэрыратам и хъыбарыр зэхращэхри, зэшхэм мылъкур я куэду тІысыжащ. ПІалъэ зэпэпахр къыщысим, Къанж и къуэр и шым къэшэсри, щыкІу хуэхъуахэм я деж къыдьхьащ. Шы фІэдзапІэм и шыр фІидзэри, езыри хьэщІэщымкІэ щІыхьащ. ПщІантІэм зы-ри дэстэкъым Бабыкъ дахэм фІэкІаи, укІытэри хьэщІэр хуегъэблэгъакъым.

Зы тэлай дзкІаеуэ Къанж и къуэр щхьэгъубжэмкІэ къыдэплъри, и шыр ихабжьу зэрымэжалІэм гу къыльитащ.

- Уий пэхужь, нобэ хуэдэ зы махуэщ уи щхьэ упІыжьи щІыхуэйр. ФІэдзапІэр къыхэптхърэуи Іус къэплъыхьуэркъэ, - щыжриІэм, пэхужьым фІэдзапІэр къыхьихри, Сосрыкъуэ кьрата шы къуэлэн цІыкІур зыщІэтыри и бжэр икъутэри щІыхьэщ, къуэлэн цІыкІур къыщІидзри, ар шхэуэ зыбгъэдэта Іэшхьлъэм бгъэдзвуащ.

Бабыкъ дахэр щхьэгъубжэмкІэ къыдэплъурэ а псоми гу лъитати, апхуэдэш зиІэнкІэ хъунур зэры-Къанж и къуэ Щэуейр кьишІэри, и дзпхъуэм джажьэ яхуищІыну къыщІэкІащ.

Къанж и къуэр пхъэпшынэ еуэу хьэщІэщым щІэсти, Бабыкъ дахэр щыблэжІым къыкІэлъыплъри, дагъуэ кьыхуищІар пшынэм кьригъэкІащ.

**ХьэщІэщ пшынэжьыр**
**сэ сэ уэрэшрэгъущ,**
**Бабыкъ дахэуэ сэ къызатари**
**Уий, щІакъуэ мащІэти,**
**уий щІакъэ пэщІщ.**
**Ар сэ си дежкІэ щуІэгъэгъуу мы-хъунт,** - жиІэу.

ПсынщІэу ар Бабыкъм зэхищІыкІри игъэзэжащ. И бэщмакъым ильа лъэгурыдз лей лъэныкъуэр къигъэнати, къридзыжри и лъакъуэр зэхуэдэу, щІакъуагъэ имыІэу етІуанэу къыщыбгэкІыжьыкъм аргуэру Къанж и къуэр къыкІэлъыплъри, игу ирихьыжа хъунти, пшынэжьымкІэ етІуанэуи къыхуэуащ.

**Мы пхъэ пшынэжьым сэ сыригиещ,**
**Бабыхууэ дахэми сызэхищІыкІщ,**
**Сэ си гугъапІэри си гугъэ нэпці,**
**Ар щуІэгъэ схуэхъунри гугъапІэщ,** – жиІэу.

Бабыхум джакІуэ ищІри зэшхэр къыдьхьэжащ. Я хьэщІэм щыгуфІыкІхэу игъэжьэщІащ, Бабыхури иратагъэххэти, зэІуагъэщІащ.

Къанж и къуэр куэдрэ пхуэхьэщІэнт - еуэри и шым уанэ трилъхьэри, зекІуэ ежьащ. Зыбжанэрэ къэтащ, къуэлэныбэр кьиухури къэкІуэжащ. Ар къыщихуар и щыкъуэзэрати, ириташ, езыми къытригъаззэу и ныса щІэр ишэн хуеИуэ кІуэжащ.

Къанж и къуэр куэдрэ пхуэхьэщІэнт - еуэри и шым уанэ трилъхьэри, зекІуэ ежьащ. Зыбжанэрэ къэтащ, къуэлэныбэр кьиухури къэкІуэжащ. Ар къыщихуар и щыкъуэзэрати, ириташ, езыми къытригъаззэу и ныса щІэр ишэн хуеИуэ кІуэжащ.

Къанж и къуэр къэшэжьыхьхэу щыхъум - зэманыфІи дэкІуэу, зэшхэр еуэри кІэлъыкІуащ. Щэуей щымыІэу ирихьэлІащ. Абы щхьэкІи къамыгъанэ пщІантІэм дыхьэри, унэм щыхьэхащ. ЗыщІыхьащ зы фызыжь гъущІыпскІэ епхауэ кІэрыту, мыдэкІи махъсымэ чеибл блыным егъэувэкІауэ щыту къалъэгъуащ, жи. Фызыжьыр яфІэгуэныхь хъури къатІэтащ. КъызэратІатэу махъсымэмкІэ зридзэкІри, къиІэтуэр махъсымэ чеицыр зэкІлъыкІуэу ирифащ. Чей нэщІ хъуэхэри тридзэуэр икъутэжащ. ИтІанэ зыкъриГъэзэкІри, Уэзырмэс и дежкІэ къэІэбэри:

- «Си щІалэ закъуэм и щыкъу щауэ Уэзырмэсыр сыт ухуэдэ?» - жиІэри и Іэ къыщІиубыдым, Уэзырмэсым и Іэблэр къыкъутащ.

Сосым и дежкІэ зигъаззри, и Іэр иубыдащ хуэдэу зыщищІым, жьэхэуэри и дзажьнальищ зэпиудащ.

Сосрыкъуэ дежкІэ зигъаззу щыІэбэм:

- Уи уэзыншагъэми уи щхьэми зэпытыр къыфхукІуэ, – жиІэри Іулъэтащ ИкІи зыпэщІитГъэхуакъым.

Абы хэту Щэуей къэсыжащ.

- Мы гъуамэр щхьэ хъэвутІыпщыт, - жиІэри занщІэу Нэрыбгейр ирипхыжащ. ЩІэщхъу кьхэъуар хуабжьу и жагъуэ хъуауэ зэшитІыр щэху-щэхуэз. Зыми къаІэщІэу и игъэхужащ.

ЩІалэжэр хъужу кьежьэжьи хуей щыкъуэм, Щэуейм жраІащ.

- Иджы мы дэ тлъэгъуа Нэрыбгейр уи анэу ди шыпхъу закъуэр мыбы кьодгъэшэфынкъым, ауэ уэ накІуи ди кьуажэр уи кьуажэу, ди унэр уи унэу малъхъэунэгъуу къытхъэжь. Арыншауэ ди шыпхъури уэри фигъэпсэункъым а уи анэм, - жраІащ.

Щэуей абыкІэ акъылэгъу кьадэхъури, зэшхэр кьиутІыпщыжащ. И анэр зэрыпсэун кьыхуэзэригъэпэщри кьыхуигъанэщ, и шыжьым къэшэсри кьежьащ. КьыздэкІуэм, бгы гуэркІэ кьехьыри, и джатэ кІапэр щІым щІихъуэурэ жьэдитхъуар псыхьэлыгъуэ жапІэ ищІу кьыкІуэцІрыкІащ. Мафъхэншэ гъуэгуКІэ еджэу Тохьутэмыщей мэзым хэт а къуэшхуэр иджыри щІыІэщ.

Къанж и къуэ Щэуейуэ Нэрыбгейм и къуэ закъуэм Бабыкъ дахэр и гуащэу, Наужьым малъхъэунэгъуэ кьыхьыхэжауэ, лЭжьыхункІэ Сосрыкъуэ зэшхэм ядэпсэуащ.

### Мыщэм идыгъуа нысэр зыІэзэришэжар

Нарт Щэуейкіэ еджэу щакІуэ Іэзэ гуэр щыІэт. КъущьхэхъуитІыр зэпичри, щІыхь здэмыкІыу щІыпІэм кІуащ ар. ЩакІуэурэ жэщ кьытехъащ. Іуеишхуэ гуэрым кьихьати:

- ЩІыпІэ бзаджэщ сыкъызыхуэзар, - жиІэри пхъэ куэду зэхуихьэсащ, блынэр зэІихащ.

Щэуейр мэжалІэти, жьэнфэнэр игъэжьащ. Бжьыхьэ жэщыр кІыхьщ. Мы вэм екъэзу здэщысым, пэмыжьыжьэу ИІэ къуэр бзаджэжкІэ Іэуэльауэ гуэр къыдэІукІыу щызэхихьи, и фочым шитІ ирилъхьащ. Щэуейм зигъэхьэзыращ. Абы хэту мэзылІыр мафІэ нэхум кьыбгъэдыхьэри, щакІуэм кьелъэІуащ:

- Лы цІынэ жыгым пылъыр зызгъэнщІыху сыгъэшх, уузынщэу укІуэжьну ухуейімэ, – жери.

- Губгъуэм лы щызгъэшкъым, къэбуду пшхьну ухуитщ, – жриІащ.

Мэзылыр губжьащ:

- Улщ атІэ уэ узынщэу укІуэжмэ, – кьыжриІащ.

- АтІэ ди жеиГъуэ пІалъэ зэхуэдгъэІуатэ. ЖьІэ, мэзылІыжь, уэ уэжейімэ, кьызгъэщІэну щІыкІэр, - щыжриІэм, асихьэтым жэуап кьритащ:

- Си пэмкІи си жьэмкІи хуэскІэр кьиПлъэлъмэ, сыжеищ. Ей, щакІуэжь, чэзур зэуейщ.

- ЩІакІуэр кІыхьу степІамэ, сыжеищ, – жиІащ нарт Щэуей.

Абы хэту зэхуэсакъыу щысурэ, мэзылыжьым хъуаскІэр кьъжьэдэлъэлъу хуежьащ. Асихьэтым псынщІэу тэджщ, зы пхъэдакъэжь игъэтІылъри, щакІуэр кІыхьу укъуэдиуэу щилъагъум, хуэм цІыкІуу кьекІуэталІэщ, щакІуэм зытридзэри, джьдэ сурэтым ещхьу и бгъэм хэть кьупщхъэ маисэм щакІуэри пхъэдакъэжьри зэпипупщащ.

- Уэлэхьи, укъысІэщІыхьэтэмэ мис иджы, - жиІэу щакІуэ кІапэр къыщІэІэтым, пхъэ дакъэжьу къыщІэкІащ.

- Ей, хуэмыху, кІуэсэжаи, ар лІым и хабзэкъым, - щыжиІэм, асихьэтым хъэзыру щыт щакІуэр бжей жыгым кьыкъэкІщ, кьеузри къыхигъэщІащ.

- Зэ кьызэуэж, - жоуэ кьелъэІуэ щхьэкІэ, щакІуэм идакъым.

- Сэ тІэу сыуэкъым, - жиІащ Щэуей.

ЩакІуэм абдеж нэху щигъэщри, лъы лъэужьыр ирихужьащ. Къуэ бзаджэ гуэрми дэкІащ. Мэзылым и лъэужьыр бгы бгъэнщІагъ гуэрым щІыхьэжащ. ТекІуэм ар лІауэ бгъэнщІагъым щІэлъу щилъагъум, къиГъэзэжри Къущьхэхъуэрэкъэзэпичыжащ. ИтІанэ Къущьхэхъури кьикІуэкІ, бгъэупщІагъ ин гуэрым кьыуІущІри, мурад ищІащ жэщым абдеж зыщигъэпсэхуну. БгъэнщІагъым зыкІыщІипхъыжьым, зы адыгэ бзаджэ щІэсу кьилъэгъащ, щыгъыныджи хъуауэ, и Іэбжьанэри пыкІыкІауэ, мышэкъушитри бгъэдэсу щысу.

- УцІыху цІыкІу хьэмэрэ убзаджэнджэ? – щыжиІэм, бзылъхугъэм жэуап кьритащ:

- Къъужьыкъэ сыкъэкІауэ, кхъужь кьэсщыпу жыг лъабжьэм сыздыщІэсым, мыщэм сиубыди, бгъэнщІагъым сыкьихьащ.

- АтІэ укъэзэыха мыщэр дэнэ щыІэ? - щыжиІэм:

- Куэд мыщІэу къэсыжьынущ, ауэ кьыгъэ зыщ, укъэльнынукъым, - кІыжриІащ. Арщхьэкіэ щакІуэ бэлыхьым ар хуидэнт - хуидакъым.

- Уэ зыри жумыІэ. Уэлэхьи, сэ абы и хьэжь естынкІэ, - жиІащ.

Щитт и фочым ирилъхьэри, къуагъ быдэ гуэрым кьуэуващ.

Куэд темыкІыу зы мэл ИІыгъыу мыщэр къэсыжащ. Мэлыр къыщирдзыхьым, щакІуэр кьеуэри, мыщэр кьиукІащ. Мыщэр укІыгъэ щыхъум, ІлыИ и цейр зыщихри, бзылъхугъэм щригъэтІэгъащ, пыІэ лей гуэр иІэти, ари щхьэритІэгъащ. МыщэкъушитІыр иукІыну къэжьхэкІэ щабгъэдыхьэм, бзылъхугъэр гъащ. Абы щхьэкІэ къимыгъанэу мыщэкъушитІыр иукІщ, бзылъхугъэр кьришажьэри, Къущхьэхъур кьызэпичыжащ. Кьуажэхэм гъунэгъу къыщыщІэкІым, зыщыщымкІэ щІэупщІащ. Бзылъхугъэр и кьуажэгъуу къыщыщІэкІым, зейм яхуишэжащ, езыри абы кьеІэпІащ.

- Уий! - жиІэу щыджэм, зылІ къыщІэкІри сэлам къарихащ.

- Ныжжёз дыбгъэхьэщІэтэмэ, – щыжиІэм, зыщІэщщым яшэри ирагъэшхащ, ирагъэфащ.

ИтІанэ Щэуейкіэ зэджэ лЫ хахуэр унагъэм я нэхъыжьым ещІащ:

- Фи нэрыбгэ зэман гуэрым ффІэкІуэда? - жери.

Унагъуэм я нэхъыжьым жэуап кьритащ:

- Мы гъэр илъэс ещанэ мэхъу ди зы нысэ зэрыкІуэдрэ, кхъужь кьихьыну мэзым кІуэри кьиргъэзэжакъым, - жиІащ.

Асихьэтым Щэуей тэджщ, бзылъхугъэм пылЭр щхьэприхри, и щхьэцыр къихуащ. Абдеж зэрыцІыхужри, Іэплі зэрашэкІыжащ, гуфІэгъуэ нэпсыри щІагъэкІащ. Нарт Щэуей и цІэкІэ жэщих-махуиххІэ джэгу зэхэтауэ щытащ.

### Нартхэм зэратекІуар

Къанж и къуэ Щэуей нартхэм хьилэкІэ яхуІыжьну Насрэнрэ Сосрыкъуэрэ яужь итт. Еуэри, зы щІыпІэ гуэрым ешхэ-ефэ щыІэу Къанж и къуэ Щэуейр Сосрыкъуэрэ Насрэнрэ здращэжьну мурад ящІ. Гъэгу зэдытеуващ. ЗдэкІуэм, зы щІыпІэ гуэрым нэсауэ, Щэуей жраІащ:

- Мы щІыпІэм и дежь къыщынэ уэ, дз зыдмыгъэгувэу къэдгъэззэжыщ.

Къанж и къуэ Щэуей абдеж къыщанэри, езэхэр адэжкІэ ежьащ.

Къанж и къуэ Щэуей шым уанэр трихщ, щакІуэр зриШэкІри гъэуЛащ. Зэрыгъэуэлъу дунейр уей-псей хъуащ, Сосрыкъуэ и уаети. Зэрыуаем зэхуэдэу, махуэ-махуитІ кьэтауэ, Сосрыкъуэрэ Насрэнрэ я кьагъэзэжащ. Лажьэ имыІэу, и шьхьэмэ жущэн гъур тІэкІу ифащІу щыту Къанж и къуэ Щэуейм зекІуэлІэр зэрихьэлІэжащ.

- Дэнэ фыщыІахэ? - жиІэу мобыхэм щеупщІым:

- Нарт Цырхъужьей и гуартэр къэтхуну дыкІуати, дззгъакъым, - жаІэри жэуапэу ар иратыжащ.

- АтІэ сэ сыкІуэщ абы, - жиІэри, Къанж и къуэ Щэуейм шым уанэр трилъхьэри екІащ. ЗдэкІуэнур нарт Цырхъужьей и дежти, щынэсыми, и шыпхъу Іушэжьым шхэумылакІэр тридзэри, нарэ я гуартэр здыщІэт боубжьмкІэ иутІыпщащ. Шы пэхужьым боубжэр икъутащ.

Сосрыкъуэрэ Насрэнрэ махуитІ зэману трагъэкІуэдамэ, Къанж и къуэ Щэуей тІэкІу фІэкІа пымылъу, шыкъэ къыщІихури кьежьэжащ. Зэман куэд дэмыкІыу мо тІур кьыздыщинам и деж щысу кьриихьэлІэжащ.

- Дауэ хъуа? - жаІэу Сосрыкъуэрэ Насрэнрэ кьеупщІащ.

- Куэдыщэ иужь ситащ, абы хуэдизи дадэ тэзмыгъэкІуэдэн хуейуи сыхьэуЛеящ, - жиІэри жэуапу кьаритащ.

Зи яужь ихьа Іужкр зэфІэкІати, кьежьэжри къэкІуэжащ.

Псори зэщІыгъуэу къыздэкІуэжхэм, Сосрыкъуэрэ Насрэнрэ зэчэнджэщащ:

- Сыт и гъэкІуэдыкІэ хъуну мы Къанж и къуэ Щэуейм? - жаІэри.

- ХьилэкІэ мыхъумэ, лІыгъэкІэ зыри тхуещІэну къыщІэкІынкъым мыбы, – жаІэри, Іэмал лъыхъэу хуежьащ. Арщхьэкіэ, сыт хуэдизи хуэдэущагъэ къыкІэлъыззрахьами, Щэуей зыри щъращІэфакъым. Нартхэри мащІэ-мащІэуурэ иужь икІыжащ. Псори къызэхэкІар Къанж и къуэ Щэуей лІыгъэкІэ абдежэм зэрефІэкІыр?, зэрыщІыхьэмыгъаззрт, зытриубыдэм зэрыфимыгъэкІырт. Арат и зекІуэгъуэм бэлыхьу ятельыр.

Къанж и къуэ Щэуей лЫгъэ ин зэрыхэлъар кьегъэлІагъуэ нарт ХьэтыкІуэй ипхъу ДыгулпхъІу зэрыхэда щыкІмэ. ДыгулпхъІу ТхьэкІумэ и къуэ Батырэз, Къанж и къуэ Щэуей, Джьлахъстэнышхэ, Нэгурыкъуэ ЛІыхъу сымэ. ДыгулпхъІу нарт хъыджэбз хахуэр абыхэм яхэдэрт икІи кьыхихауэ щытари Ашэм и къуэ Ашэмэз щІалэрщ. КьыщІыхиауэ щытар абы адрейхэм хэрэр нэхъ лІыгъэ хэлъу аратэкъым, атІэ укІыгъэ мыхъуу нэхъ кьызэтенэнкІэ хъунти аращ. Сыт щхьэкІэ жьлІэмэ, адрейхэм хуэдэу Ашэмэзыр лЫ пхъашэтэкъым, лЫ пхъашэ гупу дзы зыфІищащэм нэхъ я Ашэмокъуэм и щабагъэм кьызъэнэным щыгугъыртри арщ.

ЛІы пхашэ гупым ДыгулпхъІу щахэдзэм, Къанж и къуэ Щэуей дзыуэ кьыхуигъэтыфар мыращ:

**Ей, уи шыпэхъуэ мыГъуэр**
**хуэІэушэщ,**
**Шыбз кьуэлэн щищри**
**уи зэ хуГъущэ,**
**Къанж и къуэ Щэуейри**
**си пслъэхъущ,**
**Бэрэ сэ укъыслъыхъуми**
**Уи анэ ябгэр уиІэу сыбдэмыкІуэн!..**

# Къуалэ и къуэ Созэрыхьэ

ЗЫ ЛЫЖЬ гуэр, щхьэлым къыздикІыжьым, дэшыГъуэ задэ ирихьэлІэри, къуэм кьыдэнащ - витІым кьыдашакъым. Лыжьыр къуэм кьыдэнауэ здыдэтым, зы шу кьрихьэлІащ. Шур епсыхащ, гуфэ іаПитІыр иубыди, вым кьыдеІащ: гур къуэм кьыдишащ.

- Сыкъэпльэгъуакъым, ксльаГъужакъым, - жиІэри шур ежьэжащ.

Лыжь цІыкІум шум дильэгъуар ХьэтІохъущокъуэм хуиІуэтэжащ.

- Сыт и шыфэлІыфэ шум, хэт щыщ? - къеупщІащ пщыр.

- Зыщыщыщу кьызжиІакъым, шытхьэ кІагъэ тесщ, - жиІащ лІыжьым.

Абы хэту ХьэтІохъущокъуэм щыІэу иригъэжьащ:

- Шытхъуэ кІагъэр къэвгъэти си деж къефшалІэ, – жиІэри.

Шытхъуэ кІагъэр зыхэт шыбз гуартэм ирихьэлІэри, шытхъуэ кІагъэр кьыхахуащ. Пщым ищІэрт шытхъуэ кІагъэм лІыр кьызэрыкІэлъыкІуэнур. КьызэрыщІэкІамкІэ, Кьуалэ и къуэ Созэрыхьэкіэ зэджэрт шытхъуэ кІагъэр зейр.

Кьуалэ и къуэ Созэрыхьэ зэрыпелуаныр зэхихат ХьэтІохъущокъуэм, кьыхуэмысыртэкъым армыхьымэ. Хигъэзэхьри, кьиумысыхь, пщым КъуалэІ и къуэСозэрыхьэ иутІыпщакъым. Кьыщиумысым:

- Хъунщ, - жиІащ Созэрыхьэ, - ХьэуСин ЛЪэгубГъэу сумыГъэбэн закъуэ.

ХьэуСин ЛЪэгубГъуэрэ Кьуалэ и къуэ Созэрыхьэрэ я анэхэр зэшыпхъут. ХьэуСин ЛЪэгубГъуэ Шужьеипщым и пелуант.

Уеэгъэбэнкъым, - жиІэри пщым КъуалэІ и къуэ Созэрыхьэ псалъэ быдэ иритащ.

ХьэтІохъущокъуэр екьуэу хъуту, ШужьеипщыМ Къуалэ и къуэ Созэрыхьэ ириджащ:

- Щоджэн кІыхь езэгъэбэныщ, - жиІэри.

Щоджэн кІыхь пхъэшыкъум ХьэуСин ЛЪэгубГъуэ кьихьащ.

- ЗэшпхъуитІым дыкъалъхуащ, - жиІащ Созэрыхьэ. - Щхьэ дыззрыбГъэуКІрэ?

- Джатэ и щІагъ «нанэ» щыІэкъым, - жиІащ ХьэуСин ЛЪэгубГъуэм.

Зэрыубыдри, Кьуалэ и къуэм ХьэуСин ЛЪэгубГъуэ хигъащІэ щыхъум, Шужьей, пхъэшыкъум кьебакъуэри, Созэрыхьэ хъэджэсэкІэ кьепыджащ.

Кьуалэ и къуэ Созэрыхьэ и хьэдэр къашэжри щІалъхьэжащ. Абдеж къыщежьэри, пщитІыр бий зэхуэхъуащ.

Кьуалэ и къуэ Созэрыхьэ илъ ищІэжьи мурад ищІащ ХьэтІохъущокъуэм. ШужьеипщыР лЫ зэщІэмыкІуэжт, лЫгъэ-шыгъэкІэ упэлъэщынтэкъым. ХьэтІохъущокъуэр Аладыжьэпщым деж кІэури ечэнджэщащ.

- Уемыбзэджэкіауэ упэлъэщынукъым, - кІыжриІащ Аладыжьэпщым. - Шужьейр сэрэ дыззбийщ. Уэрэ сэрэ дызэщыІеижауэ дГъэІунщи, Шужьей деж укІуэнщ, уекІуж зыпщІынщ, Тэтэртуп фыкІуэнщи, тхъэ зэхуэфІуэнщ, кьыщыбГъэзэжкІэ Гъуэгум щыбГъэбэлэрыгъынщ.

ХьэтІохъущокъуэм Шужьей екІуж зиШІри, пщитІыр Тэтэртуп кІуащ, псалъэ зэІахри къагъэзэжауэ Гъуэгу здытетым, зы Іуащхьэ щепсыхащ.

Мы Іуащхьэр Бахъсэн нэхъ и гъунэгъу хьэмэрэ Шэджэм нэхъ пэблагъэ? - еупщІащ ХьэтІохъущокъуэр Шужьей,

● Жэрдэм

# МыІэрысэхэмрэ ерыскъыхэкІхэмрэ щагъэлъагъуэ

**КъБР-м и Правительствэм и Унэ гупэм къит ЗэгурыІуэныгъэм и утым жэпуэгъуэм и 14 - 15-хэм щекІуэкІащ «Яблочный джем» фестивалыр. Абы хэтащ Кавказым и щІыналъэ куэдым щыщхэр. Ар къызэрагъэпэщащ Налшык къалэ администрацэмрэ ди щыхьэрым зегъэужьыныкІэ «Платформа» институтымрэ.**

ФЕСТИВАЛЫР 2019 гъэм ирагъэжьащ. Абы щыгъуэм Урысей псом япэ рекордыр къащтэу Іат: утым щагъэуват зи кІыхьагъыр метр 50, зи бгъуагъыр метр 20 хъу мыІэрысэ мозаикэ. Ар ягъэхьэзырын папщІэ мыІэрысэ 175440-рэ къагъэсэбэпащ. Иджырей фестивалым хыхьэу ягъуват мыІэрысэм къыхэщІыкІа арт-объект зэмылІэужьыгъуэхэр. Абыхэм язт «Сосрыкъуэ» шхапІэм и теплъэр.

Хабзэ хьуауэ, абы щагъэпытагъуэ шхапІэхэм, пщафІэ Іэзэхэм ягъэхьазыр шхыныгъуэхэр, мыІэрысэм къыхэщІыкІа варенэ, джем, пхъэщхьэмыщхьэ чипсхэр, хьэпывэхэр, ерыскъыпхъэхэр къыщІэзыгъэкІхэм я продукцэхэр (гъэшхэкІхэр, фо лІэужьыгъуэхэр), Іэфыкіэхэр, псы Іэфіхэр, махъсымэхэр. Абы хыхьэу лекцэхэр, мастер-классхэр, жармыкІэхэр къызэрагъэпэщащ. Жармыкіэм утыку къыщрахьащ Іэпщіэлъапщіэхэм я Іэрыкіхэр, саугъэт цІыкІуфэкІухэр.

Зэхьэзэр и щыхэтщ республикэм и щІы гектар мин бжыгъэхэм мыІэрысейхэр зэрыщагъэкІым, бжьыхьэм мыІэрысэ берычэт къызэрыпачыжьым, абы щыналъэм исхэр зэрыригушхэм.

- Фестивалым хэтхэм псом хуэмыдэу ягу дыхьащ удз гъэгъа теплъэ зиІэ Іэфыкіэхэр, - жеІэ кърихьэлІахэм ящыщ Голубевэ Анна. - Я Іэфіагъыр щэхъущхьэуам сыщыщІэупщІэм, апхуэдизэ дахагъ зиІэр щымыхсьу зэрахэулэжьым щыжаІэм згъэщІэгъуащ!

«Яблочный джем» фестивалыр щІызыхашэм и зы щхьэусыгъуэщ зыгъэпсэхугъуэ махуэм унагъуэхэр, благъэхэр, ныбжьэгъуэхэр зэхуэзэнхьр. Абы и лъэныкъуэкІэ зэхьхьэ гуапэр зи жэрдэмхэм я кІэлэныр къехъулІащ. Къалэдэсхэм фестивалым зыщагъэпсэхуауэ, я нэгу зрагъэужьауэ зэбгрыкІыжащ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

# Идар и лъагапІэщІэ

**Мы махуэхэм Москва щекІуэкІащ уэрэд жыІэныкІэ ныбжьыщІэ зэпеуэ «Наше поколение -2023» зыфІащащ.**

УРЫСЕЙМ и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм къикІа ныбжьыщІэ макъыфІэхэр Крутой Игорь и академием щыізэпеуащ. Абы щытекІуэр ди къэралым къыбгъэдэкІыу дунейпсо зэпеуэм хагъэтынущ.

Къэпщытакіуэ гупыр згъэбжьыфіащ «Академия современного искусства» Іуэхущапіэм и къызэгъэпэщакіуэ, продюссер Хачанянц Стеллэ, уэрэджьІакІуэхэу Бериашвили Этери, продюсер Чиняев Владимир, Крутой Игорь и академием уэрэд жьІэныкІэ и егъэджакІуэ Работов Константин сымэ, нэгъуэщІхэми.

Мы зэпеуэм хэтыну цІыху 500-м лъэІу къагъэхьат. Абы щыщу кърагъэблагъэхэм я уэрэд гъэзэщІэкІэм едэІуа иужь, «Наше поколение-2023» зэпеуэм и кІэух Іыхьэм ди къэралым къыбгъэдэкІыу згъэкІуэну къыхахар Налшык къалэм щыщ Кэнэ Идарщ. Ныбжьыщ1эм абы щыгъэзэщІэнущ «Вы со мной» уэрэдыр.

Идар зэрэщІыкІуэр уэрэд жьІэныр фІыуэ елъагъу. КъищынэмыщІауэ, ар жьыджэру хэтщ езыр щеджэ курыт еджаІэмрэ «Ипэ итхэр» урысейпсо зэщІэхъеенигъэмрэ къыщаІэт Іуэхухэм.

«Наше поколение-2023» зэпеуэм и кІэух Іыхьэр щэкІуэгъуэм и 18-м «Москва» концерт пэш иным щекІуэкІынущ. Ар къатыжынущ НТВ телеканалымкІэ.

Ди къэралым и мызакъуэу, а зэпеуэм хэтынущ хамэ къэрал 15-м - Китаймрэ, Бразилиемрэ, Азербайджанымрэ, Египетымрэ, Пакистанымрэ, Таиландымрэ, Кыргызыстанымрэ, Монголымрэ, Армениемрэ, Беларусымрэ, Индиемрэ, нэгъуэщІхэми къикІахэр.

Ди лъэпкъэгъу щІалэщІэм дохъуэхъу ефІэкІуэну, зиужьыну, зыхьыхьэм фІыкІэ къахэщІыну.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

# Усыгъэм и къарур

**Бахъсэнёнкэ (Къэсейхьэблэ) къуажэм (Бахъсэн щІыналъэм) дэт Щэнхабзэмкіэ унэм усыгъэм хуэгъэпса зэІущІэ дахэ иджыблагъэ къыщыззрагъэпэщат.**

УСЭ САТЫР къыхэхахэр, ар зи Іэдакъэщ1экІэхэм я суратхэр пэшым и блынхэм щыплъагурт. Къызэхуэсахэм яфІэгъэщІэгъуэну зэпалпъэхьащ тхакІуэхэм ятеухуауэ абдеж къыщыззрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэрт. Ар къызыхуэтыншэу къызззыгъэпэщар а къуажэм дэт тхылъ хъуманІэм и унафэщІ Гъут Фенящ.

Пшыхьыр къызэІуэныхьари езыгъэкІуэкІари Щэнхабзэмкіэ унэм и лэжьакІуэхэу Къамбий Амиррэ Бесльэнэй Замирэрэщ. Абыхэм усыгъэм теухуауэ жаІа псалъэ гуапэхэм тхылъыр зимыІэпэгъуэхэми фІыуэ яригъэлъагъуныгт.

Зэхьыхьэм кърагъэблагъат Тэрч щІыналъэм хыхьэ Тамбовскэ къуажэм и Іэтащхьэ КІэмпІарэ Бесльэн, УФ-м ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ и «отличник» цІэ лъапІэр зыхуагъэфэща, Тамбовскэм дэт курыт еджапІэм и унафэщІым и къуэдзэ КІэмпІарэ Светланэ, а къуажэм щыІэ курыт еджапІэм адыгэбзэмкІэ щезыгъаджэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ Щомахуэ Дуся, усакІуэ, зэдзэкІакІуэ Агуей Роззэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист Зеуцэ Іэуес, усакІуэ Мамыкіэ Къазбэч, Бахъсэн щІыналъэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Тхьэмадокъуэ Зерэ сымэ, нэгъуэщІхэри.

Къэсейхьэблэ къуажэм щІалэгъуэлэм ядэлэжьэнымкІэ и Іэщ1агъэлІ Тхьэгъэпсо Астемыр фІэхъуэ гуапэкІэ къызэзыхэсахэм захуигъаззри, усыгъэм и къару иным тепсэлъыхьащ.

Тхьэмадокъуэ Зерэ усэ пшыхьыр псалъэ нахуэкІэ иришажьэри, КІыщокъуэ Алим и «Кхъужьей къудамэ» усэм къеджащ.

Зэлущ1эм щагъэлуащ Щоджэнц1ыкІу Алий, КІыщокъуэ Алим, Мыкъуэжь Анатолэ, Гъубжокъуэ Лиуан, Балъкъэр Фоусэт, Іутіыж Борис, Лыкъуэжь Нелли, Бицу Анатолэ, Агуей Роззэ, Мамыкіэ Къазбэч, Зэгъэщтокъуэ Людэ сымэ я Іэдакъэщ1экІ къыхэхахэр.

Я уэрэдэр къафэкІэ пшыхьыр ягъэдэхащ «Кавказ» цІыхубэ ансамблим, уэрэджьІакІуэ ныбжьыщ1эхэу Тембот Хьэним, Нартокъуэ Мухьэмэд сымэ. Уэзыкэ Астемыр, Ахъмэт, Арсен сымэ Акъущэ Амир я гъусэу, пшыхьым яужь зэхаша джэгур екІуу ирагъэкІуэкІащ.

Мы зэхьхьэр къызззыгъэпэщахэм фІыщІэ щхьэхуэ хуащ абыхэм къадэІэпыкъуахэу Къэсейхьэблэ къуажэ администрацэм и тхьэмадэ Абрэдж Хьэутий, администрацэм и лэжьакІуэ Щхьэуэмэжь Феликс сымэ.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**

● Щэнхабзэ

● Узыншагъэ

# Иджыри зы ехъулІэныгъэ

**Лыых узыфэхэмкІэ Дон Іус Ростов къалэм дэт медицинэ Іуэхущ1апІэм и дохутырхэм зрагъэсащ лимфэ системэм екІуалІэ лъыитхуэхэр операцэ ящІу. Медицинэм и Іэмалыщ1эу къэунэхуар Урысейм и ипщэ щІыналъэхэм ящыщу япэ дыдэ ростов онкологхэм ягъэлъагъуэу аращ.**

МЕДИЦИНЭ къызэтэныгъэхэмкІэ Ростов онкоцентрым и щІэныгъэлІхэр микрохирургием хуэІэрыхуэ хьуауэ, куэд щІауэ ирагъэкІуэкІ апхуэдэ операцэ гугъуэхэр. Иджы зэрагъэпэща Іэмэпсымэхэм я фІыгъэкІи бгъэм, лым, къупщхьэм, зэрытпІэхэм еуэлІа лыых узыфэхэм елэзэну куэдкІэ нэхъ тынш хъуащ.

«Узышагъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, ростов онкологхэм къащхэуащ операцэр зэрекІуэкІым зэрыкІэлъыплъ экзомикроскоп. А Іэмэпсымэм и фІыгъэкІэ лышхым и лъахъцкэр зэрыщыту къыпхуэхутэнущ икІи тынш дыдэу къыпхуэхъэжьынущ, ар хуэдэ 26-кІэ нэхъ ину уегъэлъагъури. КъищынэмыщІауэ, операцэр мониторышхуэм 3D мардэм иту къегъэлъагъуэри, хирургым и лэжьыгъэр куэдкІэ щегъэпсынщІэ: лым и зэхэлъыкІэри, лъынтхуэхэмрэ лимфэмрэ зэрызэхуэхэнари хуиту уи нэгу къыщІегъэувэ. Абы и закъуэкъым, инфрокрасна бзийхэр хэтщ Іэмэпсымэми, сэм къыхуэхэмыгъэжа лышх къуэпсэкІэ абыкІэ ирагъэжьыхьыж.

- Урысейм и ипщэ щІыналъэхэр къапщтэмэ, ростов онкоцентрым, куэд щІауэ, екъуІэныгъэфІхэр къигъэлъагъуэу мэлажьэ. МикрохирургиемкІэ къэралым япэ дыдэу лэжьыгъэ тельыджэхэр къыщызыгъэлъэгъуэхэми дащыщц. Псалъэм папщІэ, щхьэм, пщэм, лым хищІа лыых къуэпсэхэр гъэкІуэдыныкІэ зэфІэкІышхуэхэр дилэц. Иджы къэтщэхуа Іэмэпсымэщ1эм и фІыгъэкІэ, лимфэ системэм екІуалІэ лъынтхуэхэм делэжьыфынущ тыншу бгъэм лышхыр къыщыхэдгъэжкІэ лимфэр дгъэхьэбзэну, ныкъуэсанытэнщэу къызэтенэну иджы тхуэзфІокІ, - жеІэ ростов онкоцентрым и унафэщІ Кит Олег.

- Экзомикроскопым и фІыгъэкІэ миллиметр 0,2-0,3 хъу лъынтхуэхэр хуиту операцэ тхуэщІынущ, лышх къуэпсэр тхуэкІэрыгъэжьынущ. Абы къикІыр сыт жьыпІэмэ, дяпэкІэ лимфэм и кьалэныр хуиту игъэзащІу къытхуэзтенэну араш, - къыхигъэщащ онкоцентрым и дохутыр, медицинэ щІэныгъэзэмкІэ кандидат Аушевэ Татьянэ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

● Шы спорт

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президентым и щІыхькІэ

**Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщІ Мамхэгъ Хьэчим иджыблагъэ Іущ1ащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ и фэеплъ Кубокыр къэхьыным теухуауэ ирагъэкІуэкІыну зэхьэзэхуэм и техническэ лыкІуэ Дементьевэ Александрэ. А зэпеуэр шыкІэ гъэугуанэ кІыхь зэпычыным хуэунэтІащ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и унафэщІ Къардэн ФатІимэрэ Дементьевэ Александрэрэ я гъусэу Мамхэгъэр тепсэлъыхьащ зэпеуэр зэрекІуэкІыну щыкІэм, шууейхэм хуэхьыну гъуэгуэм, спортсменхэмрэ хьэщІэхэмрэ къызэрагъэблагъэну щыкІэхэм, нэгъуэщІхэми. Къыхагъэщащ, КъБР-м и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ и фэеплъ зэхьэзэхуэр хэІэтыкІуэр, гукъинэжу къызэрызэрагъэпэщыну.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Бахъсэн къалэм, хабзэ зэрыхуауэ, щІызэкащэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КІуэкІуэ Валерэ и фэеплъ Кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэр мы гъэм ёнэу зэхэтынущ.

Къызэтэпэщ1акІуэхэм абы ирагъэблагъэ шууейхэмрэ шы спортым дихьэхэмрэ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Футбол

# Ещанэ увыпІэри къытлъысакъым

**«Алания-2» (Владикавказ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 3:0 (1:0). Владикавказ, «Алания» академием и стадион. Жэпуэгъуэм и 14-м. Щ1ыхуи 148-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр**: Молдован (Краснодар), Городовой (Ставрополь), Бахус (Краснодар)

**«Алания-2»**: Туаев, Гогниев, Губиев, Датиев, Кодзасов (Багаев, 64), Гаглоев, Павленкэ (Кокаев, 85), Тагаев (Ы1шык, 73), Дряев, Четоев (Гогниев,73), Тадтаев (Тобоев,64).

**«Спартак-Налшык»**: Къумыкъу, Далиев (Гуэгузокъуэ, 55), КІэдыкІуей, Березов, Молэмусэ, Хьэшыр, Масленников, Торосян, Топурие (Мэкъуауэ, 76), Селяев (Ілуп, 57), Котов.

**Топхэр дагъэкІащ**: Тадтаев, 32 (1:0), Четоев, 66 (2:0), Гаглоев, 86, (3:0).

**Дагъуэ къыхуащІащ**: Кодзасовым, Березовым, Гогниевым, Тобоевым, КІэдыкІуейм.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 14-м зэхэтащ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и командхэм ирагъэкІуэкІ зэпеуэм и иужьрей зэІуІэхэр. Зэрытщ1эщи, япэ увыпІищыр абы щызыубыдахэм Іэмал ягъэтырт ищхьэкІэ щыІэ гупым хэхуэн папщІэ зэпеуэ щхьэхуэхэм хэтыну.

Занщ1эу къыхэдгъэщынци, Пятигорск и «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ Дагъыстэным и «Легион» командэмрэ ар зрагъэхъулІакІэт, иужьрей зэІуІэхэм къарикІуну бжыгъэхэм емылІытауэ. Ещанэ увыпІэм щхьэкІэ зэныкъуэкъуну къызэпещылъар ди «Спартак»-мрэ Астрахань и командэмрэт. Ди щІалэхэр «Алание-2»-м текІуэн хуейт хьэщІапІэ щыІэу. ИтІанэ, «Астрахань»-м ирагъэкІуэкІыну зэІуІэм къриКІуэнум щхьэкІэ дымыгъэзавэми хьунут. Сыту жьыпІэмэ, командитІми я онкохэр зэхуэдэу зэпеуэр ихуауэ щытами, дэ астрахаНдэсхэм япэ дищынут, командитІуп щызэдджэгуахэм налшыкдэсхэм топ нэхъыбэ дагъэкІати. АрщхьэкІэ, дызызыпэплъэ текІуэныгъэр ди щІалэхэм къахэхьакъым.

Владикавказ и «Алание-2»-м ди гъуэм топищ къытхудигъэкІащ. Налшыкдэсхэм, нэгъуэщІ зыри хуэмеижу къыпщагъэхъуу, хэгъэрейхэм зэІуІэр гугъу зрамыгъэхьу ирагащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, адэкІэ дыкІуэрэкъым.

Ди гъусэу ещанэ увыпІэм щІэблэм «Астрахань»-р хьэщІапІэ щыІэу «Легион»-м 1:1-уз дджэгуащ икІи турнир таблицэм ар щиубыдащ.

А махуэ дыдэм зэхуэзащ «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ «Победа»-мрэ. Абыхэм я зэІуІэри зэрытемыгъэкІуауэ, бжыгъэр 1:1-уэ, иухащ.

*Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и етІуанэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 12 | 9 | 1 | 2 | 21-9 | 28 |
| 2. «Легион» | 12 | 6 | 5 | 1 | 20-11 | 23 |
| 3. «Астрахань» | 12 | 5 | 3 | 4 | 21-15 | 18 |
| 4. «Спартак-Налшык» | 12 | 5 | 2 | 5 | 16-16 | 17 |
| 5. «Динамо-2» | 12 | 2 | 5 | 5 | 10-13 | 11 |
| 6. «Алания-2» | 12 | 3 | 2 | 7 | 17-31 | 11 |
| 7. «Победа» | 12 | 2 | 2 | 8 | 13-23 | 8 |

● КъБР-м и Прокуратурэм

## Сом мелуани 5-м щІигъукІэ хэІэбащ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм судым Іэригъэхьащ «Урысейм и пощт» АО-м и ахъшэу сом мелуани 5-м щІигъу зыкІэщІэзыпущІа, щІыпІэм щыщ щІыхубзым теухуа уголовнэ Іуэхур.**

ЯГЪЭКЪУАНШЭМ, «Урысей пощт» АО-м и къудамэм и унафэщІу щылажьэм, пощткІэ ахъшэр егъэхьыным, апхуэдэу финансэ Іуэхугъэбзэкэр яхуэщІэным, банк, мыбанк Іуэхущ1апІэхэм япыщІауэ, 2022 гъэм езым ейми, и Іыхьлыхэми я банк счётхэм ирилъхьэурэ сом мелуани 5-м щІигъу идыгъуащ.

Следствэр щекІуэкІым ягъэкъуаншэм хэщІыныгъэм щыщу сом мелуани 2,5-рэ ипшыныжащ.

Лей зытехьа организацэм и лІыкІуэм къигъэуващ къэна щІыхуэри ипшыныжыну, ягъэкъуаншэм и мылъкур яубыдащ.

Уголовнэ Іуэхур КъБР-м и Іуащхьэмахуэ район судым Іэригъэхьащ зэпкрыхауэ хэпІэну.

## ХущхъуэхэкІхэмкІэ къызэрагъэпэщащ

**Іуащхьэмахуэ районым и прокуратурэм къипщытащ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ зыгъуэтын хуей сабий ныкъуэдыкъуэм и хуитыныгъэхэр зэрагъэзащІэр.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМКІэ, пщІэншэу хущхъуэхэкІэмкІэ къызэрагъэпэщыну хуитыныгъэ зиІэ сабий ныкъуэдыкъуэм Іэмал имыІэу зыхуей медицинэ препаратхэр. Район сымаджэщ ихъэщхьэм абы ехьэлІауэ и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр игъэзащІэртэкъым.

Район прокуратурэм я сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм я къуаншагъэр ягъэзэкІуэжыну хигъэльэгъуащ икІи абы и фІыгъэкІэ сабийр зыхуеину хущхъуэхэкІ псомкІи къызэрагъэпэщащ.

*Зыгъэхьазырар* **УАРДЭ Жантинэщ.**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІидзащ «Ажалыр щащэр къыджеІэ!» наркотикхэм япэщІэтыныкІэ урысейпсо акцэм и етІуанэ Іыхьэм.**

АКЦЭР егъэкІуэкІыныкІэ штабым, республикэ МВД-м, КъБР-м щыІэ УФСИН-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Ушышагъэмкіэ, Щэнхабзэмкіэ и министерствэхэм, апхуэдэуи КъБР-м Лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм я лІыкІуэхэр зыхэтым и зэІуІэ щекІуэкІащ КъБР-м щыІэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкІуэкІым кІэлъыплъ и управленэм фигу кьегъэкІыж хабзэм кьемызэгъыу афиянэхэкІхэр зэрагъакІуэу гу лъыфтэмэ, акцэр щекІуэкІ махуэхэм я мызакъуэу, сыт щыгъуэ зэманми хьыбар евгъащІэ зэрыхъунур.

«Дзыхь зрагъэз и телефонхэр»:

КъБР-м щыІэ МВД-м - (8662) 49-50-62; (8662) 40-49-10 (плъыр часть)

Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - (8662) 75-27-54; (8662) 77-93-89

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм - (8662) 42-28-23

КъБР-м Ушышагъэмкіэ и министерствэм и «Наркологие диспансерым» - (8662) 44-17-83

Зы хьыбари гулъытэнщэ ящІынукъым.

**УАРДЭ Жантинэ.**

# Іуэху щхьэпэм жыджэру фыхэт

● Джиу-джитсу

## Бжьыпэр яубыдащ

**Дон Іус Ростов къалэм жэпуэгъуэм и 7 – 8-хэм щекІуэкІащ Европэм джиу-джитсу спорт лІэужьыгъуэмкІэ и чемпионат зэІуха. Абы хэтащ Урысей Федерацэм, Азербайджаным, Таджикистаным, Туркум, Армением, Абхъазым, нэгъуэщІхэми я зэуакІуэу 1000-м щІигъу.**

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ щыщ Джандаров Эмиррэ Бысурэ Иналрэ зэпеуэм япэ увыпІэр щызэдагъуэщащ килограмм 19 зи хьэпсагъэхэм я деж. Зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр къихьащ Джандаров ТІалэмири. Ар щызауэр килограмм 25-рэ зи хьэпсагъэхэм ядежщ.

Спортсмен ныбжьыщІэхэр зыгъасэр Рустам Юнусщ.

**БЭТОКЪУЭ Албэч.**

**Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч**

**РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:**

**ЖЬэкІэмыхъу Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:**

**редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.**

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.**

**КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

**Индексыр П 5894**
**Тиражыр 1.617**
**Заказыр №2264**

12+

**Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.**

**Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.**

**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:**

*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ.**

*Компьютерхэр газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

*Сурэтхэм елажьар* **Бицу Жаннэщ.**

**«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.**

**357600, Ставрополь край, Есэнтіыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А**

**Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.**